O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI' XALI'Q BİLİMLENDİRİW WA`ZİRLİGİ

A`JİNİYaZ ATI'NDAG`I' NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALI'Q İNSTİTUTI'

*Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati' fakultetinin` 4ᵃ-kurs talabasi'*
*Qosbergenova Aysanemnin'*

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMI'SI'

**Tema: G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi'**

**İlimiy basshi':** **K. Allambergenov - filologiya ilimlerinin` doktori', professor, QR Berdaq ati'ndaq ma`mleketlik si'yli'qti'n` laureati'**

**No`kis - 2015-ji'l**

# Jaqlawg`a ruxsat yetiledi:

**Fakul`tet dekani':** f.i.k. Allanazarov E.

**Kafedra basli'g`i':** prof.Allambergenov K.

**İlimiy basshi':** prof.Allambergenov K.

***Qosbergenova Aysanemnin' «G'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi' » atamasi'ndag`i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si' boyi'nsha***

# MA`MLEKETLİK ATTESTACİYa KOMİSSİYaSI'NI'N` QARARI'

***Qosbergenova Aysanemnin' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «____» bahasi' qoyi'lsi'n.***

**MAK basli'g`i':** ________________________________

**MAK ag`zalari':** ________________________________

________________________________

________________________________

________________________________

________________________________

JOBASI'

**Kirisiw……………………..…………………………………….........**

**I Bap. G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ ideyali’q derekleri, rawajlani’w jollari’ ha’m ha’zirgi jag’dayi’ni’n’ uli’wmali’q si’patlamasi’……………………………..………………………………**

**II Bap. G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik wo’zgeshelikleri…………………………...………………..**

**Juwmaq………………………………………………………………….**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………..……………….**

# Kirisiw

**Temani'n` aktualli'g`i':** Yelimiz wo`z g`a`rezsizligine yerisiwi menen ja`miyettin` ekonomikali'q, siyasiy ha`m ruwxi'y salalari'nda wo`zinin` jan`asha rawajlani'w joli'na iye boldi'. Ja`miyettin` tiykarg`i' sferasi' yesaplanatug`i'n ja`miyetlik sana XX a`sirdin` 90-ji'llari'na shekem buri'ng`i' awqamni'n` ma`pinen kelip shi'qqan halda wo`mir su`rip kelgen bolsa, g`a`rezsizligimizdin` da`slepki ku`nlerinen baslap-aq wonda «silkiniw», «woyani'w» processleri payda bola basladi'.

«Birde bir ja`miyet ruwxi'y imkaniyatlari'n, adamlar sanasi'nda ruwxi'y ha`m turmi'sli'q qa`diriyatlari'n rawajlandi'rmay ha`m bekkemlemey turi'p wo`z keleshegin ko`z aldi'na keltire almaydi'.»[1] dep jazg`an yedi Prezident I.A.Karimov. Xali'qti'n` ma`deniy qa`diriyatlari', ruwxi'y miyrasi'ni'n` ji'llar dawami'nda Shi'g`i's xali'qlari' ushi'n qu`diretli ruwxi'y azi'q boli'p xi'zmet yetken.

G`a`rezsizligimizdin` sharapati' menen xalqi'mi'zdi'n` bay wo`tmishin tiklew, wog`an jan`asha ko`z-qarasta baha beriw si'yaqli' iygilikli maqsetke qa`dem qoyi'lg`anli'g`i' ha`mmemizge ma`lim. Xalqi'mi'zdi'n` a`wladtan a`wladqa wo`tip kiyati'rg`an tariyxi'y ha`m ma`deniy qa`diriyatlari'n uli'g`law ideyasi' ja`miyetlik sanani'n` aji'ralmas bo`legi bolg`an ko`rkem a`debiyatta da wo`zinin` sa`wleleniwine iye bolmaqta. Son`g`i' ji'llardag`i' a`debiyati'mi'zda totalitarli'q ideologiyani'n` worni'n tolti'ri'wg`a, burmalawshi'li'qlardi'n` du`zetiliwine bag`darlang`an ko`lemli ko`rkem shi'g`armalar payda bolmaqta.

G`a`rezsizlik teatr ko`rkem wo`neri ha`m qaraqalpaq dramaturgiyasi' aldi'na da si'naqli' reformalardi' a`melge asi'ri'wdi' bas wazi'ypa yetip qoydi'. Sebebi, teatr repertuarlari' bolg`an dramali'q shi'g`armalardi'n` ayi'ri'mlari' tematikali'q jaqtan ju`da` yeskirgen yedi, wolar totalitar

---

[1]Каримов И. Өзбекстан XXI әсир босағасында, Нөкис-«Қарақалпақстан»,1998,133-бет.

ja`miyettin` totalitar siyasati'n ta`riypleytug`i'n tariyxi'y revolyutsiyali'q temalarg`a quri'ldi', zamanago`y temalarda original pesalar kem do`retildi. Sol ushi'n da dramaturgler 90-ji'llardi'n` baslari'nan wo`tken wo`tmishimizdegi bay tariyxi'mi'zdi', xalqi'mi'z basi'p wo`tken mashaqatli' jollardi', bul jollardag`i' xali'q bati'rlari'ni'n` qaharmanli'q is-ha`reketlerin ulug`laytug`i'n tragediyali'q, tariyxi'y, sonday-aq keshegi jaqi'n wo`tmishimizde ja`miyette wori'n alg`an jat illetlerdi kritikalaytug`i'n zamanago`y ruwxtag`i' satirali'q, komediyali'q pesalar do`retiwge ku`shli bet burdi'. Dramaturgiyada fol`klorli'q-xali'qli'q syujetke negizlenip pesalar jazi'w bag`i'ti' payda bola basladi'.

Qaraqalpaq dramaturgiyasi' da rawajlani'wg`a iye boldi'. Bul ji'llari' Q.Matmuratovti'n` «Bir u`yde yeki wo`mir», «A`keli jetimler», «Wo'mirbek ha`m tazsha», «Aq tekesh ha`m ko`k tekesh», A.O`talievtin` «Yernazar Alako`z», «A`mir Temurdi'n` bir ku`ni», «Sultan Jaleletdin», Sh.Seytovti'n` «Xalqabad romani' tiykari'nda jazi'lg`an «Qutli' jol» pesasi' (qayta islegen Q.Matmuratov), «Shariyar» dastani' tiykari'nda jazi'lg`an «Shariyar» pesasi' (Q.Matmuratov), M.Ni'zanovti'n` «Yeki du`n`yani'n` a`weresi», K.Raxmanovti'n` «Ta`g`dir soqqi'si'», B.Baymurzaevti'n` «Ba`ddiwa», «Pa`lektin` ga`rdishi», A.Wo'teniyazovani'n` «Jigittin` i'g`bali'n bersin», «Muhabbat ha`m g`a`zep», «U`mit ushqi'ni'», «Jumbag`i' ko`p du`n`ya bul», S.Jumag`ulovti'n` «Ekstrasens», «Ku`yewin`di berip tur», «Adamlar qalay buzi'lg`an», «Bultli' ku`nler» pesalari' jazi'ldi'. Bul pesalar saxnalasti'ri'li'p tamashago`ylerdin` na`zerine usi'ni'ldi'.  T.Allanazarovti'n` "Aydos baba" tragediyasi'nda tariyxi'y waqi'yalar tariyxi'y faktlerge tiykar yetip ali'ng`an. Dramaturg Aydos biyge berilgen bahasi'na qarag`anda basqasha ko`z-qarasta boladi', Aydos baba obrazi'na bu`gingi milliy g`a`rezsizlik da`wiri ko`z-qaraslari'nan baha bere woti'ri'p pikir ju`ritedi. Tragediyada su`wretlenilgen waqi'yalar Aydos wo`mirinin` 1810-1827-ji'llari'na tuwra keledi. Aydos bul

da`wirde tu`rkiy xali’qlardi’n` tariyxi’n, geneologiyali’q shejiresin jaqsi’ biletug`i’n adam si’pati’nda sa`wleleniw tabadi’. Biz buni’ tragediyada Aydosti’n` sawatli’ xan menen xan da`rejesindegi so`yleskenlerinen ani’q bayqaymi’z. Aydosti’n` xan menen bolg`an bul so`ylesiklerinde qaraqalpaq ma`mleketshiligin du`ziwdegi Maman biydin` umti’li’slari’, biraq bul umti’li’slardi’n` Rossiya patshashi’li’g`i’ ta`repinen is ju`zinde qollap-quwatlani’lmag`anli’g`i’, patshashi’li’qti’n` yeki ju`zli siyasati’, sol ushi’n da Maman biydin` qaraqalpaqlardi’ ata-babalari’ni’n` Watani’-A`miwda`ryani’n` to`mengi quyarli’qlari’na ali’p kelgenlikleri haqqi’nda pikir ju`ritiledi.

G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’ - dep atalatug’i’n bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda dramaturgiyami’zdi’n’ basi’p wo’tken tutas bir a’sirlik tariyxi’y joli’n talqi’lawdi’ maqset tutpadi’q, tek g’a’rezsizik da’wirine deyingi dramaturgiya tariyxi’na qi’sqasha sholi’w isledik. Wondag’i’ maqset - g’a’rezsizlikke deyin dramaturgiyami’z qanday jag’dayda yedi, g’a’rezsizlik da’wirinde qanday boldi’, g’a’rezsizlik da’wiri dramaturgiyasi’ni’n’ si’patli’ belgileri nelerden ibarat degen sorawlarg’a juwap beriwimiz kerek yedi. Bul, a’lbette, dramaturgiyani’n’ wo’tmishi menen bu’ginin sali’sti’ri’p izertlew kerek degen so’z.

Jumi’si’mi’zda dramaturgiyami’zdi’n’ g’a’rezsizlik da’wirine deyingi tariyxi’na qi’sqasha sholi’w islew menen birge, jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ belgilenedi, izertleniw da’rejesi, temani’n’ aktualli’g’i’, jan’ali’g’i’, a’meliy qunli’li’g’i’ ma’seleleri so’z etiledi. A’lbette, biz g’a’rezsizlikke deyingi dramaturgiya tariyxi’ boyi’nsha ko’p izertlewerge iyemiz. Atap aytsaq, T.Allanazarov, T.Bayandiev, B.Tursi’nov, A’.Nasrullaev, Q.Sultanov, S.Allayarovlardi’n’ miynetlerinde dramaturgiyami’zdi’n’ ha’r qi’yli’ mashqalalari’ so’z yetiledi. Biraq, bul miynetlerde g’a’rezsizlik da’wiri dramaturgiyasi’ haqqi’nda pikirler

bildirilmegen. Bul jag'i'nan bizin' jumi'si'mi'z sistemali' izertlewge bag'i'shlang'an birinshi arnawli' jumi's boli'p tabi'ladi'. Jumi'si'mi'zdi'n' qunli'li'g'i', jan'ali'g'i' da, mine, usi'nda. Usi' ta'repleri menen bul pitkeriw qa'nigelik jumi'si' a'meliyatta da u'lken a'hmiyet tutari' so'zsiz.Solay yetip g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' rawajlani'w jollari', janrli'q, ideya-tematikali'q wo'zgesheliklerin u'yreniw bu'gingi a'debiyattani'w iliminin' alda turg'an aktual temalari'ni'n' biri bolmaqta.

**Jumi'sti'n` maqseti ha`m wazi'ypalari':** G'a'rezsizlik da'wirindege qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' rawajlani'w basqi'shlari' ha'm tariyxi'y tami'rlari'n, janrli'q ha'm formali'q, ideya-tematikali'q wo'zgesheliklerin u'yreniwdi maqset yetti. Biz bul maqsetke yerisiw ushi'n to'mendegi wazi'ypalardi' belgilep aldi'q:

-g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' ideyali'q derekleri;

-dramaturgiyani'n' rawajlani'w jollari' ha'm ha'zirgi jag'dayi'ni'n' uli'wmali'q si'patlamasi';

-g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' ideya-tematikali'q wo'zgeshelikleri;

-g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi'ni'n' ko'rkemlik wo'zgeshelikleri.

**İzertleniw tariyxi'.** Saxnali'q shi'g'armalar du'nya xali'qlari' a'debiyati'nda salmaqli' wori'ng'a iye yekenligi belgili. Bul janr tuwrali' a'debiy-estetikali'q woy-pikirler du'nyasi'nda qa'liplesken pikirler bar. Ma'selen, a'debiyati'mi'zdi'n' sag'alari'nda turatug'i'n Aristoteldin' «Poetika», Bualoni'n' «So'z wo'neri», sonday-aq rus a'debiy-estetikali'q pikirler du'nyasi'da u'lken wori'ng'a iye. V.Belinskiydin' a'debiy si'n shi'g'armalari'nda dramali'q shi'g'armalardi'n' janrli'q ta'biyati'na, woni'n'

basqa janrlardan ayi’rmashi’li’g’i’, a’debiyattag’i’ tutqan worni’ haqqi’nda ko’plegen bahali’ pikirler ayti’lg’an.

XX a’sir a’debiy-estetikali’q pikirler du’nyasi’nda komediya boyi’nsha ha’r qi’yli’ milletke tiyisli ilimpazlardi’n’ ko’z-qaraslari’ barshi’li’q. Ma’selen, rus ilimpazlari’ L.Timofeevtin’ «Osnovi’ teorii literaturi’», V.Pospelovti’n’ «Teoriya literaturi’», wo’zbek ilimpazlari’ İ.Sultanni’n’ «Adabiet nazariyasi», B.İmamovti’n’ «Haet va dramatik konflikt», qazaq ilimpazi’ Z.Qabdolovti’n’ «So’z wo’neri» ha’m t.b. miynetlerinde dramali’q janrlar boyi’nsha bahali’ pikirler bar. Milliy qaraqalpaq dramaturgiyasi’ haqqi’nda a’debiyattani’w ilimimizde bir qansha izertlew jumi’slari’ jazi’ldi’. Wolardi’n’ ishinde Q. Ayi’mbetovti’n’, T.Allanazarovti’n’, Q.Sultanovti’n’, A’.Nasrullaevti’n’ ha’m t.b. ilimiy miynetlerin atap wo’tiwge boladi’. Teatr si’nshi’lari’ ha’m izertlewshileri T.Allanazarovti’n’, B.Tursi’novti’n’, sonday-aq, shayi’rlar T.Seytjanov, M.Seytniyazovlardi’n’ ha’m baska da ja’miyetlik g’ayratkerlerdin’ saxnali’q shi’g’armalardi’n’ jetiskenligi ha’m kemshiligi haqqi’nda ilimiy si’n pikirleri berip kelmekte.

**Jumi’si’ni’n` teoriyali’q ha`m metodologiyali’q tiykarlari’:** Prezidentimiz I.A.Karimovti’n` miynetleri ha`m ruwxi’y ma`deniyatti’, ma`nawiyatti’ qa`liplestiriwde miynetleri, a`debiyat haqqi’ndag`i’ jan`a woy-pikirleri bizin` jumi’si’mi’zdi’n` basli’ metodologiyali’q tiykari’ boli’p tabi’ladi’. Jumi’sti’n` teoriyali’q tiykarlari’ retinde ko`rkem a`debiyatti’n` drama tarawi’ boyi’nsha salmaqli’ miynetler do`retken Aristotel, Bualo, Gegel`, Belinskiylerden baslap XX a`sirdegi wo`zbek ali’mlari’ I.Sultanov, U.To’ychiev, J.Kamalov, O.Sharafiddinov, qaraqalpaq ali’mlari’ Q. Ayi’mbetov, M. Nurmaxammedov, T. Allanazarov, K. Allambergenov, S. Bahadi’rova, P. Nurjanov ha`m tag`i’ basqalardi’n` jumi’slari’ ali’ndi’.

## I Bap. G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ ideyali’q derekleri, rawajlani’w jollari’ ha’m ha’zirgi jag’dayi’ni’n’ uli’wmali’q si’patlamasi’

XX a’sirdin’ 20-ji’llari’na shekem qaraqalpaq a’debiyati’ lirikali’q, epikali’q poeziyadan ibarat boli’p keldi. Folklordi’n’ prozali’q janr formalari’ an’i’zlar, a’psanalar, yertekler, sheshenlik so’zler, ku’ldirgi so’zler, da’stanlardag’i’ qara so’zler prozali’q formalar si’pati’nda qa’lipleskeni menen, realistlik prozani’n’ formalari’ – ko’rkem ocherk, gu’rrin’ janrlari’ usi’ 20-ji’llardan baslap payda bola basladi’.

Drama janri’ni’n’ ta’g’diri de prozani’n’ ta’g’dirindey yedi. Haqi’yqi’y dramali’q shi’g’armalar XX a’sirdin’ 20-ji’llari’na shekem qaraqalpaq a’debiyati’nda bolmadi’. Biraq ha’r qanday a’debiyat xali’q awi’zeki a’debiyati’nan wo’sip jetisedi. Sebebi, ha’r qanday milliy a’debiy protsesstin’ da’slepki derekleri jazba a’debiyati’ rawajlanbasa da folklordan baslanadi’. Al, qaraqalpaq xalqi’ tu’rkiy xali’qlardi’n’ ishinde folklorli’q shi’g’armalarg’a bay xali’q boldi’. Dramali’q shi’g’armalardi’n’ da’slepki elementleri xali’qli’q folklorda wori’n aldi’, al qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ dramali’q shi’g’armalardi’n’ tu’rlerine arnawli’ iye bolmasa da, shayi’rlar ayti’si’ menen da’stanli’q shi’g’aramalarda woni’n’ elementleri bay boldi’. Ma’selen, ha’r qi’yli’ xali’q woyi’nlari’, turmi’s salt ji’rlari’ni’n’ ko’p-ko’p tu’rleri, «Bet ashar», «Ha’wjar», qi’z-jigitler woti’ri’spalari’ ha’m wondag’i’ ayti’slar ha’m t.b. Woni’n’ u’stine qon’si’ tu’rkiy xali’qlardag’i’ saxnali’q shi’g’armalardi’n’ payda boli’wi’, bizin’ milliy ko’rkem a’debiyatta saxnali’q shi’g’armalardi’n’ wo’sip jetisiwine tiykar jaratti’. Na’tiyjede 1920-ji’llardi’n’ wortalari’nda-aq qaraqalpaq a’debiyati’nda drama wo’z aldi’na janr si’pati’nda payda boldi’.

1920-ji’llardi’n’ wortalari’nda drama janri’ qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’zge ko’rinerlik da’rejede qa’liplese basladi’. Bul jan’a payda bolg’an

dramali’q do’retpeler buri’ng’i’ awqam hu’kimetinin’ ta’sirinen payda bolg’an a’debiy jo’nelis yemes yedi. Mi’sali’, 1925-ji’ldi’n’ wo’zinde yele jan’a hu’kimet a’debiyati’ payda bolmay ati’rg’anda, Q. A’wezovti’n’ «Tilek joli’nda» usag’an sol da’wir ushi’n jetilisken dramali’q shi’g’armasi’ jazi’ldi’. Bul do’retpe qaraqalpaqlardi’n’ ko’p a’sirlik a’debiyat maydani’ndag’i’ da’stu’rlerinin’ jemisi si’pati’nda wo’sip shi’qqan qubi’li’s yedi, wol birinshi gezekte qaraqalpaq xalqi’ni’n’ XX a’sirge jetkendegi ko’rkemlik jaqtan rawajlani’wi’ni’n’ ko’rinisi yesaplandi’. Bul ji’llarda Q. A’wezov penen bir qatarda S. Ma’jitov, A’.Wo’tepovlar qaraqalpaq a’debiyati’nda da’slepki dramali’q shi’g’armalardi’ do’retti. Q. A’wezov 1925-ji’li’ «Tilek joli’nda» pesasi’n jazdi’. Wonda qaraqalpaq miynetkeshlerinin’ 1916-1917-ji’llardag’i’ patsha Rossiyasi’ni’n’ qoyg’an ha’kimlerine, jergilikli ha’meldarlarg’a, a’dalatsi’zli’qlarg’a qarsi’ gu’resleri jazi’ldi’.

S. Ma’jitov 1920-ji’llarda qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’na belgili da’rejede u’les qosqan jazi’wshi’ boldi’. Woni’n’ «Yernazar alako’z» pesasi’n (1926-ji’l), «Sabaq» (1928-ji’l), «Jigit boldi’q», «Son’g’i’ selten’» pesalari’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’na a’dewir ta’sir jasag’an shi’g’armalar yedi. Dramaturg S. Ma’jitov bulardan basqa «Bag’dagu’l», «Gu’lim-Tayman» atli’ iri ko’lemli pesalar da jazdi’.

S. Ma’jitov «Bag’dagu’l» pesasi’nda Bag’dagu’l ha’m Xojan obrazlari’ arqali’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’z azatli’g’i’ ushi’n mashaqatli’ gu’resin toli’q su’wretleydi. Pesa bes aktli, alti’ kartinali’, muzi’kali’q drama. Drama qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’ndag’i’ 1916-1919-ji’llardag’i’ basli’ waqi’yalardi’n’ birin sa’wlelendiriwge bag’i’shlang’an. Birinshi perde de jarli’ Ma’tirzani’n’ turi’mi’s ha’m woni’n’ haq kewilli uli’ Samekenin’ minez-qulqi’, adamgershgiligi su’wretlenedi. Ayi’bi’ jarli’li’q bolsa da Sa’meke a’dilsizlik ha’m adamdi’ xorlawg’a ko’ngisi kelmeydi. Soni’n’

ushi'nda qari'ndasi' Bag'dagu'ldin' ha'm jarli' jigit Xojanni'n' taza muhabbati'ni'n' ta'reptari' boladi'. Sonday-aq shi'g'armada Na'zigu'l, Sha'mshet boli's, Aymereke, Qannazar obrazlari' sa'tli shi'qqan.

S.Ma'jitovti'n' «Gu'lim-Tayman» pesasi' 4 perdeden ibarat boli'p, tragediya janri'nda jazi'lg'an. Birinshi perde de jarli' diyxan qi'zi' Gu'lim menen jarli' jigit Taymanni'n' shi'n muhabbati', bir-birin su'yiw, birge wo'mir su'riw a'rmanlari', Gu'limnin' a'kesinin' Tureke menen qudali'g'i', woni'n' wo'z adamlari' arqali' jarli'g'a zorli'g'i' ha'm yesawan balasi'na Gu'limdi aytti'ri'p boli'p haqi'yqati'nda wo'zi almaqshi' bolg'an haramli'g'i' su'wretlenedi. Pesani'n' bas qaharmani' Gu'lim muhabbattag'a ha'm ja'miyettegi ten'sizlikke ko'ngisi kelmeydi. Su'ymegen adamg'a qosi'li'p, wo'mir su'rgennen go're, bir ku'n bolsa da su'ygenine qosi'li'p wo'lip ketkenin arti'q ko'redi. Bul a'rmani'n iske asi'ri'w ushi'n tuwi'sqan sin'lisi Ayi'mni'n' ja'rdemi arqasi'nda su'ygen jigiti Tayman menen toy qi'zg'an waqi'tta qashi'p ketedi. Bul jag'day neke qi'ydi'rar ma'ha'lde bilinip, toydi'n' izi topalan'g'a aylanadi'. Jayli'bek bay bunday qorli'q ushi'n Turekeden wo'sh ali'p, kishkene qi'zi' Ayi'mdi' zorli'q penen ali'p ketedi. Tureke bir qi'z worni'na yeki qi'zi'n da jog'altadi'.Tragediya baslanadi'. Qi'zlardi'n' anasi' Anar qos qi'zi'n zamanni'n' qasqi'rlari'na aldi'ri'p zar qag'adi'.

...Yerkinlik joli'ndag'i' Taymang'a Jayli'bek bay kelip, bunday ko'rinisti wo'zine xorli'q ko'rip, pi'shaq urmaqshi' boladi'. Pi'shaqti' Tayman zorli'q yetip tarti'p aladi'. Baydi'n' baqi'rg'an dawi'si'na woni'n' adami' Berdi kelip, Taymang'a si'rti'nan pi'shaq uradi'. Tayman ji'g'i'ladi'. Tayman Gu'limnin' aldi'na wog'an shi'n berilgenlik, haq su'yiwi menen muhabbat qurbani' boladi'. Wol bug'an wo'kinbeydi. «Men senin' ushi'n jan bersem, a'rmani'm joq, senin' baxti'n' ashi'lsi'n» deydi. Gu'limde basqa ilaj qalmaydi'. «Tek senin' tiriligin', sag'an qosi'li'w u'miti menin' jani'mdi'

saqlap ju’rip yedi. Sensiz bul jerdin’ u’stinin’ keregi joq, jani’n’nan jay ber»,- dep Taymanni’n’ u’stindegi pi’shaqti’n’ u’sh jag’i’n ju’regine qarati’p, sog’an wo’zin taslap bul da wo’ledi. Yeki jasti’n’ bir-birin su’yiw joli’nda tragediyali’q apat boli’wi’ u’mitsizlikti, zuli’mli’qti’n’ saltanati’n ko’rsetpeydi, a’dilsizlik, adamgershilikti ayaq asti’na basi’wshi’ sol waqi’ttag’i’ ja’miyetlik du’zimge qatti’ narazi’li’q penen qarsi’li’qti’ an’latadi’.

«Gu’lim-Tayman» pesasi’ muhabbat temasi’na jazi’lg’an. Bul dramali’q shi’g’arma qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ma’deniyati’ menen a’debiyati’ni’n’ tariyxi’nda belgili wori’n tutadi’. Jan’a tariyxi’y-siyasiy, ma’deniy jag’daylar yag’ni’y jan’a da’wirge ta’n jan’a mazmun a’debiyatqa az da bolsa jan’a forma yengizdi. 1924-ji’li’ Q.A’wezovti’n’ «Tilek joli’nda» pesasi’ payda boldi’. Bul 20-ji’llardag’i’ sap proletar a’debiyati’ ushi’n gu’reslerdin’ na’tiyjeleri yemes, al XX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ ni’zamli’ rawajlani’wi’ni’n’ jemisi yedi. Bunda jazi’wshi’ folklordag’i’ dramali’q elementlerden sheber paydalani’p, 1916-ji’lg’i’ Yesim boli’sli’g’i’ndag’i’ xali’q ko’terilisindegi waqi’yalardi’ syujetlik tiykar yetip alg’an jan’a realistlik drama do’retedi. Bul pesa texnikumlardag’i’ a’debiy do’gereklerde qoyi’la basladi’, son’ bul drama «Tan’ nuri’» truppasi’ni’n’ basli’ repertuarlari’ni’n’ birine aylandi’.

1926-ji’li’ Seyfulg’a’bit Ma’jitov «Ernazar alako’z», 1928-ji’li’ «Sabaq», «Jigit boldi’q», «Son’g’i’ selten’» ha’m t. b. da dramali’q shi’g’armalar jazdi’. Bul daramali’q shi’g’armalar 20-ji’llardi’n’ yekinshi yari’mi’nan baslap A’bdiraman Wo’tepov basqari’p ju’rgen «Tan’ nuri’» truppasi’ni’n’ repertuaralari’na kirip, Respublikani’n’ To’rtku’l, Shi’mbay, Qon’i’rat, Xojeli ha’m t.b. rayonlari’nda talay ma’rtebe saxnalasti’ri’ldi’. Bular keleshekte Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq a’debiyati’nda milliy dramaturgiyani’n’ rawajlani’wi’na tiykarlar tayarladi’. Bul ji’llarda yelde

jan'a payda bolg'an tariyxi'y jag'daylarg'a baylani'sli' Worayli'q qalalardan To'rtku'lge, Qon'i'ratqa, Shi'mbayg'a u'lken teatr akterlari' kelip, dramali'q krujoklarg'a basshi'li'q yetti. Wolar qaraqalpaq tamashago'ylerine wori's ha'm basqa da tuwi'sqan xali'qlar dramaturglerinin' shi'g'armalari'nan spektakller ko'rsetip turdi'. Ja'ne de 1920-24-ji'llarda Qaraqalpaqstanni'n' bas qalasi' To'rtku'l u'lken ma'deniyat worayi'na aylandi'. Usi' ji'llarda sho'lkemlesken wori's, wo'zbek, tatar, qazaq kontsert brigadalari' To'rtku'lge, Qon'i'ratqa, Shi'mbayg'a, Xojelige kelip, xali'qqa tamasha woyi'n-zawi'qlar ko'rsetip turdi'. A'sirese, xali'q da'slepki waqi'tlarda qi'zi'q kishkene spektakllerdi ko'rdi. Solay yetip, milliy a'debiyat bazasi'nda jan'a baslani'p kiyati'rg'an a'debiyattag'i' dramaturgiya janri' bul ji'llardag'i' usi'nday yeldegi payda boli'p ati'rg'an obektiv sebepler na'tiyjesinde rawajlani'wi'n tawi'p ketti.

Q.A'wezovti'n' «Tilek joli'nda» pesasi' 1925-ji'li' jazi'lg'an. Avtor wo'zinin' yeske tu'siriwlerinin' birinde «men bul pesamni'n' birinshi varianti'n 1924-ji'li' jazdi'm» dep ko'rsetedi. Bul rastanda qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' birinshi u'lken ha'm tabi'sli' jazi'lg'an dramali'q shi'g'arma boldi'. Bul a'debiyattag'i' jan'a tiptegi dramali'q shi'g'armani'n' tabi'sli' do'retiliwi wol ji'llardag'i' jan'a hu'kimettin' ko'rkem a'debiyat tuwrali' siyasati'ni'n' jemisi yemes yedi. Wol uzaq ji'llar qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zinin' ko'rkem a'debiyat tarawi'ndag'i' izleniwleri ha'm ko'rkemlik rawajlani'wlari'ni'n' na'tiyjesi yedi.

Dramali'q shi'g'arma joq jerden payda bolg'an joq. Al bul janrdi'n' bay ha'm ha'r qi'yli' tu'rlerinin' elementleri xali'q awi'zeki folklori'nda wo'mir su'rip kelgen yedi. Tek woni' wo'z aldi'na janr yetip shi'g'ari'w ushi'n a'debiyatta izleniw kerek boldi'. Bul janrdi' birinshi ma'rtebe 20-a'sirdin' 20-ji'llari' Q.A'wezov a'debiyat maydani'na ali'p shi'qti'. Dramag'a Q.A'wezov qaraqalpaqlar wo'mirinde bolg'an 1916-ji'ldag'i' Shi'mbay

pristavi'ni'n' patshali'q Rossiyani' qorg'aw ushi'n wori's german uri'si'na Shi'mbay uezdinen adam ali'wi' (woni' xali'qta ma'rdika'r dep ataydi'), sol a'dalatsi'zli'qqa qarsi' xali'q narazi'li'g'i', ko'terilisi yag'ni'y bolg'an waqi'ya wo'zek yetip ali'nadi'.

Shi'g'arma da'slepten-aq tabi'sli' shi'g'adi'. To'rtku'lde, Qon'i'rat qalasi'nda bul dramali'q shi'g'arma qoyi'lg'anda, sol ji'llardi'n' wo'zinde xali'qtan u'lken quwatlani'w tabadi'. Sol sebepli bul dramali'q shi'g'arma 20-30-ji'llarda qaraqalpaq a'debiyati'nda dramali'q shi'g'armalardi'n' ja'ne jan'adan payda boli'wi'na tiykarlar tayarlaydi'. Dramada geypara qaharmanlardi'n' rolleri ju'da' jetilisken obraz da'rejesine jetedi. Ma'selen, 1916-ji'lg'i' ko'terilistin' basshi'si' Sa'yeke roli spektakl dawami'nda adamlardi' qi'zi'qti'rg'an ha'm tan' qaldi'rg'an obrazlardan boladi'. Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'ndag'i' geypara izertlewshilerdin' ko'rsetiwi boyi'nsha bas roldi, Sa'yeke rolin da'slepki waqi'tlarda avtordi'n' wo'zi atqari'p ju'rdi dep te ko'rsetiledi.

A'.O'tepov 20-ji'llarda dramaturiya tarawi'ndag'i' talantli' so'z sheberliginin' biri boldi'. Joqari'da atap wo'tkenimizdey, bul ji'llarda Q.A'wezovti'n' «Tilek joli'nda» pesasi' (1925-j), S.Ma'jitovti'n' «Ernazar Alako'z» (1926-j), «Sabaq» pesalari' (1927-j) a'debiyat maydani'ndag'i' ju'da' tabi'sli' jazi'lg'an dramali'q shi'g'armalardan boldi'. Q.A'wezov penen S.Ma'jitovti'n' bul pesalari' Xojelide, Qon'i'ratta bir neshshe ku'nlep qoyi'li'p, wog'an xali'q ag'i'li'p keledi.

A'.O'tepov Qon'i'ratta jasag'an waqi'tlari' bul yeki pesani' bir neshshe ma'rtebe saxnada ko'redi. Wonda dramali'q shi'g'armalar jazi'wg'a ha'weslik payda boladi'. Na'tiyjede, To'rtku'lge kelgennen keyin, a'sirese «Tan' nuri'» truppasi'nda islegen ji'llari' wol ju'da' ko'p bir aktli pesalar, qi'sqa tamasha intsinirovkalar jazi'w menen qatar u'lken ko'lemli «Ten'in tapqan qi'z» dramali'q shi'g'armasi'n jazi'wg'a qol uradi'. Bul pesani'n'

da’slepki variantlari’ sol «Tan’ nuri’» truppasi’nda qoyi’li’p ju’redi. Son’ jetilisken dramali’q shi’g’armag’a aylanadi’. Pesa 40-50-ji’llarg’a shekem teatr saxnasi’nan tu’spey qoyi’li’p keldi. Dramada ladan Sha’leke bay wo’z hayali’ni’n’ u’stine ja’ne hayal almaqshi’ boladi’. So’ytip, Sultamurat degennin’ jas qi’zi’na jawshi’ jiberip aytti’radi’. A’depki waqi’tlarda qi’zdi’n’ anasi’ g’arri’ adamg’a qi’zi’n beriwge qarsi’li’q qi’ladi’. Son’ ha’r qi’yli’ waqi’yalardan son’ qayi’l boladi’. Bug’an qi’z da qatti’ qi’ylanadi’. Qi’zdi’ zorli’q penen Sha’leke bay hayalli’qqa aladi’. Toy boladi’. Toyda xali’q da’stu’rleri qi’zi’qli’ mu’ltiksiz beriledi. Yen’ aqi’ri’nda wol qi’z Sha’leke baydan quti’li’p, wo’zinin’ jaqsi’ ko’retug’i’n jigiti Sa’lmenge qosi’ladi’. Bul ji’llarg’a A’.Wo’tepovti’n’ pesalari’nda yen’ basli’ na’rse 20-30-ji’llardag’i’ xali’q turmi’si’, a’sirese wol ji’llardag’i’ jan’a hu’kimet siyasati’ndag’i’ bi’lg’asi’q, zorabanli’qlar jaqsi’ ko’rinisin tabadi’. Ma’selen, dramalarda ba’rinen de buri’n basli’ ma’sele yelde ken’es hu’kimetin bekkemlew ushi’n ju’rgizilgen zorli’q gu’resler ko’rsetiledi. Biraq, adamlardi’n’ psixologiyasi’nda shi’n ma’nisinde zorli’q siyasatti’ qa’lemewshiliktin’ sebebinen ayti’lg’an ma’selelerdin’ duri’s wori’nlanbawi’, jan’a siyasatqa qarsi’ yeldin’, xali’qti’n’ psixologiyali’q gu’resleri, awi’llardag’i’ u’lken bi’lg’asi’qlar su’wretlenedi. Woni’n’ pesalari’ sol da’wirdegi usi’ wo’mir realli’qlari’n duri’s beriwi, ayqi’n ko’rsetiwi jag’i’nan bahali’. Ma’selen: «Ashi’q zari’» pesasi’nda yeldi kolxozlasti’ri’w kerek, sovet hu’kimetine kolxozg’a belsene kirisetug’i’n adamlar kerek. Adamlar kolxozg’a yeriksiz tarti’ladi’. Sol sebepten wolar kolxozda islegisi kelmeydi. Wolardi’ belsendiler jati’p isherler, jalqawlar dep ayi’playdi’. Sudladpaqshi’ boladi’. Adamlardi’ qorqi’tadi’. Wolar wonnan qori’qpaydi’. Qayta buri’ng’i’dan beter jumi’s islewden bas tartadi’. Jati’p aladi’. Kolxoz belsendileri yendi ne qi’lami’z dep woylasadi’, bul adamlardi’

wo’ltire almasan’, dep sarsan’ keseklikke tu’sedi. Dramada usi’nday ani’q bolg’an psixologiyali’q gu’resler beriledi.

«Tog’i’z ju’z gramm», «Seyitmurat jalqaw» degen pesalari’nda da jan’a hu’kimet xi’zmetine tartqan jigitleri jan’a siyasatti’ yelde u’gitlemey, jati’p isher, jalqaw boli’p shi’g’adi’. Yelde hu’kimet siyasati’ hesh duri’s iske aspaydi’. Bulardi’ hu’kimet adamlari’ qoshjaqpas, haramtamaqlar dep ataydi’. Woni’n’ 20-30-ji’llardag’i’ dramali’q shi’g’armalari’nda jan’a hu’kimet siyasati’ni’n’ usi’nday qarama-qarsi’li’qli’ ta’repleri su’wretlenedi. Dramaturgtin’ bul mazmundag’i’ shi’g’armalari’ni’n’ qatari’na «Odekolon», «Boyawshi’ wa’kil», «İyne qalas», «Yeki basli’ suwqabaq», «Gu’man», «Jalqaw diyxan» ha’m tag’i’ basqa shi’g’armalari’ kiredi.

A’.Wo’tepov 1920-ji’llardi’n’ aqi’ri’nda 1930-ji’llardi’n’ basi’nda a’debiyat, ko’rkem wo’ner, ma’deniyat ma’selelerinde yelge, xali’qqa u’lken dramaturg si’pati’nda ken’ tani’li’p ketiwindegi tiykarg’i’ sebepler**:** wol bir jag’i’nan, jan’a hu’kimettin’ belsendi xi’zmetkeri, dramaturgi si’pati’nda ko’rinse, wol yekinshi ta’repten sol ji’llardag’i’ qi’zi’l imperiyani’n’ yeldegi zorabanli’q siyasati’ni’n’ yel, xali’q ideyasi’ menen u’ylespegenligin, bul ji’llardag’i’ qatti’ qasari’sqan psixologiyali’q gu’reslerdin’ wo’mir su’rip turg’anli’g’i’n ko’rsetiwshi wo’z zamani’ni’n’ realist dramaturgi si’pati’nda ko’zge taslanadi’. Wo’z da’wirinde xali’q A’.Wo’tepovti’ wo’z kewillerinen shi’qqan jazi’wshi’ dep qabi’l yetti.

Uli’wma, 1920-ji’llardag’i’ a’debiyatta dramaturgiya usag’an jan’a janr payda boldi’, rawajlandi’, ideyali’q bag’i’ti’ jag’i’nan wol jan’a xali’qli’q gu’res haqi’yqatlari’n duri’s ko’rsetip berdi. 1926-ji’li’ To’rtku’ldegi pedagogikali’q ha’m awi’l xojali’g’i’ texnikumlari’ni’n’ qasi’nan ha’wesker student jaslardi’n’ ku’shi menen «Tan’ nuri’» truppasi’ degen atamada a’debiy do’gerek sho’lkemlesti. Wolar texnikum jaslari’ qalali’q klublarda, xali’q aldi’nda qaraqalpaq folklori’ndag’i’ dramali’q elementlerden

paydalani’p, xali’q ayaq woyi’nlari’n, turmi’s salt ji’rlari’ni’n’ atqari’li’w sheberliklerin, ji’raw, baqsi’, qi’ssaxanlardi’n’ xali’q aldi’nda shi’g’i’p ayti’wlari’n, ha’r qi’yli’ qi’z-jigit ayti’slari’n saxnalasti’ri’p, qi’zi’q tamashalar berip turdi’. Usi’ «Tan’ nuri’» truppasi’ 1920-ji’llardi’n’ aqi’rlari’nda qon’si’ tu’rkiy xali’qlardag’i’ dramali’q shi’g’armalarg’a yeliklep, kem-kem do’retiwshilik jaqtan jetilisip ketti. Da’slepki waqi’tlarda woni’n’ repertuari’nda do’gerekke qatnasi’wshi’lardi’n’ wo’zlerinin’ shi’g’armalari’, xali’q qosi’qlari’, wo’zleri do’retken bir aktli pesalar, instsenirovkalardan ibarat yedi. Bul jo’nelis bari’p-bari’p u’lken dramali’q do’retpelerdi saxnalasti’ratug’i’n da’rejege jetti.

1930-1940-ji’llarda qaraqalpaq milliy dramaturgiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’ni’n’ yekinshi da’wiri baslandi’. Bul ji’llarda xali’qti’n’ tariyxi’y, siyasiy, ja’miyetlik ha’m ma’deniy wo’mirlerinde ko’rkem a’debiyatti’n’ rawajlani’wi’na duri’s ha’m keri ta’sir jasaytug’i’n jag’daylar ko’p boldi’. XX a’sirdin’ 30-ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda M.Da’ribaevti’n’ dramali’q shi’g’armalari’ belgili wori’ndi’ tutadi’. Woni’n’ “Ko’klen”, “A’rman”, “Jan’a adamlar”, “G’a’rip ashi’q”, “Da’wletiyar”, “Edige”, “Biz jen’emiz”, “Eki toy”, “Bozataw”, “Alti’n ju’zik” atli’ pesalari’ bar.

M. Da’ribaevti’n’ dramali’q shi’g’armalari’ arasi’nda ko’pshiliktin’ di’qqati’n wo’zine ko’birek awdarg’an shi’g’armasi’ “Ko’klen” atli’ tragediyali’q pesasi’. Pesada waqi’ya Ko’klennin’ su’yiklisi Ayparag’a ashi’qli’g’i’nan baslanadi’. Bunda Ko’klennin’ diyqanlardi’n’ ko’terilisin basqari’w da’rejesine deyingi joli’ ani’g’i’raq ko’rsetiledi. Wol diyqanlardi’n’ ko’terilisin basqari’w da’rejesine a’dep Shaniyaz baydan wo’z haqi’si’n, son’ joldaslari’ni’n’ is haqi’si’n ali’p beriw usag’an ha’reketlerdi ku’sheytiwi na’tiyjesinde erisedi. Woni’n’ u’stine Shaniyaz bay Ayparani’ hayal u’stine almaqshi’ boladi’. Shaniyaz baydi’n’ zuli’mli’g’i’ menen

zorli’g’i’na ko’nbey Ko’klen Ayparag’a u’ylenedi de. Shaniyaz baydi’n’ qarawi’nan shi’g’i’p ketip, Qaratawdi’n’ etegindegi shopanlar awi’li’na jaylasi’p, jarli’ diyqanlardi’ ko’teriliske tayarlay baslaydi’. Usi’ jerge Ko’klennin’ ati’n esitken adamlar o’zleri kelip, Ko’klennin’ topari’na qosi’ladi’.

M. Da’ribaevti’n’ “Ko’klen” pesasi’ wo’z da’wirinde salmaqli’ ori’ndi’ iyeleytug’i’n do’retpelerdin’ biri. “G’a’rip-ashi’q” dramasi’ Orta Aziya xali’qlari’ni’n’ arasi’nda ken’ taralg’an usi’ attag’i’ da’stanni’n’ tiykari’nda jazi’lg’an. Pesa da’standi’ tikkeley ta’kirarlamaydi’, og’an jan’a dramali’q konflikt, a’debiy personajlar qosi’lg’an. Pesa G’a’riptin’ o’z su’yiklisi Shasa’nemnen ayra tu’sip, qosi’q ayti’p oti’rg’an jerinen baslanadi’.

Shasa’nemdi G’a’ripke qosi’w ushi’n Shahabbaz ha’r na’rse islewge tayar, ol G’a’ripti o’ltirmekshi de boladi’. Biraq o’ltire almaydi’. G’a’ripti joldaslari’ kelip, oni’ o’limnen ali’p qaladi’. Pesani’n’ son’i’nda Shahabbaz xan o’zinin’ qi’zi’nan waz keship ketip qaladi’. Pesadag’i’ waqi’yani’ shiyelenistiriwshilerdin’ biri Shahabbazdi’n’ kishi hayali’ Juwhagu’l. Ol G’a’ripke ashi’qli’g’i’ maqsetine juwhali’g’i’ menen erisedi. Oni’n’ jat psixologiyasi’ usi’ si’patlardi’ dramada ayqi’n ko’rsetiw arqali’ ashi’ladi’. Pesani’n’ aqi’ri’nda Juwhagu’ldin’ oylag’an niyeti bolmay, G’a’rip penen Shasa’nem qosi’ladi’. Al Juwhagu’l qan’g’i’ri’p qaladi’.

Uli’wma, M. Da’ribaevti’n’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’na qosqan u’lesi o’zinshe. Ol qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda tariyxi’y waqi’yalardi’, folklorli’q temalardi’ saxnalasti’ri’w menen birge jan’a adamlardi’n’ obrazi’n do’retiwge talpi’ndi’. Dramali’q shi’g’armalar qaraqalpaq a’debiyati’nda ekinshi ja’han uri’s ji’llari’nda da o’mir su’riwin toqtatqan joq. Ma’selen, uri’s ji’llari’ J. Aymurzaevti’n’ «Perzentim», «Kolya», «Leytenant Elmuratov» atli’ pesalari’ jazi’ldi’. Jazi’wshi’ qorq-ji’li’ jazi’lg’an

«Perzentim» pesasi’nda uri’s temasi’n ha’r ta’repleme su’wretlewge ha’reket etti. Pesada  qaraqalpaq jigiti Murat uri’sta u’lken erlik ko’rsetedi.

Dramaturgtin’ «Leytenant Elmuratov» pesasi’ biraz tabi’sli’ do’redi. Pesada uri’s ji’llari’nda boli’p ati’rg’an awi’r haqi’yqatli’q su’wretlenedi, onda Bati’rbek Elmuratov uri’sta qaharmanlarsha qaza tabadi’. Biraq oni’n’ isin, qaharmanli’q ha’reketlerin joldaslari’ dawam etedi. Dramaturg S. Xojaniyazovti’n’ qorr-ji’li’ «Bizin’ Bahadi’r» pesasi’ da bir neshshe sapar tamashago’ylerge ko’rsetildi. Onda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ti’lda ha’m fronttag’i’ qaharmanli’qlari’ ga’p etiledi. Oni’n’ «Su’ymegenge su’ykenbe» (1945-j.) komediyasi’ uri’s ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ en’ ko’rnekli shi’g’armasi’ boldi’.

Qaraqalpaq dramaturgiyasi’ 40-ji’llardi’n’ ekinshi yari’mi’ menen 50-ji’larg’a kelip ja’ne tez pa’t penen rawajlani’w joli’na tu’sti. J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov usag’an jazi’wshi’lar bul ji’llarda qa’lemi a’dewir i’si’lg’an haqi’yqi’y dramaturglerge aylandi’. S.Xojaniyazov zamanago’y temalarda «Zi’yada» (1946), «Jas ju’rekler» (1953), «Baxi’t» (1957) si’yaqli’ bir neshe dramali’q shi’g’armalar do’retti ha’m bul do’retpeler bir neshshe ret teatr saxnalari’nda qoyi’ldi’, bul shi’g’armalardi’n’ bir qanshasi’ tuwi’sqan xali’qlar teatrlari’ saxnalari’nda da ko’rinis tapti’.

Belgili jazi’wshi’mi’z J.Aymurzaev  50-ji’llarda «Ra’wshan» (1956), «Berdaq» (1959), «Qa’dirdan doktor» (1960) si’yaqli’ pesalari’ menen tamashag’o’ylerdin’ di’qqati’n o’zine awdardi’. Shayi’r ha’m dramaturg T.Seytjanovti’n’ «Qi’rli’ soqpaqlar» (1957), «Ku’ygelek ko’zli yar» pesalari’ da o’z da’wirinin’ zamanago’y temalarda jazi’lg’an en’ jaqsi’ shi’g’armalari’nan esaplandi’.

Dramaturgiyami’zdi’n’  60-70-ji’llardag’i’ tabi’slari’ o’z aldi’na boldi’. Bul ji’larda dramaturglerdin’ qatari’ P.Tilegenov, D.Aytmuratov,

T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Qayi’pbergenov, K.Raxmanov, Q.Ma’tmuratov, O.A’bdiraxmanov, M.Ni’zanov, S.Jumag’ulov, A.Sultanov si’yaqli’ jan’a atlar menen toli’si’p bayi’di’. P.Tilegenovti’n’ «Ko’len’ke»(«Hujdan»), D.Aytmuratovti’n’ «Pirqaqqan», T.Jumamuratovti’n’ «Qi’zlar ha’zili», İ.Yusupovti’n’ «A’jiniyaz», K.Raxmanovti’n’ «Kelin», «O du’nyag’a mirat», Q.Ma’tmuratovti’n’ «Bir u’yde eki o’mir», T.Qayi’pbergenovti’n’ «Familiya» drama, komediya, tragediya, librettolari’ usi’ 60-70-ji’llar dramaturgiyasi’ni’n’ en’ jaqsi’ tuwi’ndi’lari’nan esaplanadi’.

Haqi’yqati’nda da**,** 60-70-ji’llarda qaraqalpaq dramaturgiyasi’ haqi’yqi’y professionalli’q da’rejege o’sip o’tti. Jazi’wshi’ shayi’rlar arasi’nan dramaturgiya menen shi’ntlap shug’i’llani’wshi’ J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov, P.Tilegenov. D.Aytmuratov, K.Raxmanov si’yaqli’ belgili dramaturglerdin’ qatari’na O.A’bdiraxmanov, M.Ni’zanov, Q.Ma’tmuratov, S.Jumag’ulov si’yaqli’ talantli’ jaslar kelip qosi’ldi’. Drama janri’ qaraqalpaq a’debiyati’nda barli’q formali’q o’zgeshelikleri menen ko’rinis taba basladi’.

60-90-ji’llar a’debiyat tariyxi’na qaraqalpaq dramaturglerinin’ teatr «asxanasi’na» maman aspaz si’pati’nda ti’g’i’z aralasqan, ka’siplik-jazi’wshi’li’q sheberlikleri artqan, tematikali’q, formali’q, ko’rkemlik izlenislerge ku’shli bet burg’an dramani’n’ epikali’q si’pati’n ku’sheytken da’wiri si’pati’nda kelip kirdi. Bul ji’llardag’i’ dramaturglerimiz ko’birek tariyxi’y ha’m zamanago’y temalarda pesalar do’retiwge di’kqat awdardi’.

60-70-ji’llari’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda sol da’wir ushi’n zamanago’y bolg’an turmi’sti’n’ ha’r qi’yli’ ma’seleleri so’z etildi. Bul ma’selelerdi saxnag’a shi’g’ari’wda ta’jiriybeli dramaturglerden J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar teperishlik penen do’retiwshilik miynet etti. 60-ji’llardi’n’ ekinshi yari’mi’nda olardi’n’

qatari’na D.Aytmuratov kelip qosi’ldi’. 40-50-ji’llarda «Aygu’l-Abat» tragediyasi’ menen at shi’g’arg’an J.Aymurzaev 60-70-ji’llar dramaturgiyasi’nda ju’da’ jemisli miynet etti. «Berdaq» pesasi’n qaytadan islew menen qatar (1977), «Qa’dirdan doktor» (1960), «Sheberxanni’n’ shi’rmawi’g’i’» (1964), «Baxi’t bulag’i’» (1967) drama, komediyalari’n jazdi’.

Ta’jetdin Seytjanov dramaturgiyag’a 50-ji’llardi’n’ aqi’ri’nan baslap aralasa basladi’. Oni’n’ «Qi’rli’ soqpaqlar» (1957), «Ku’ygelek ko’zli yar» (1959), «Ti’ni’msi’z tolqi’nlar» (1964), «Jali’nlar» (1968) ha’m «Beruniy» (1973) pesalari’ o’z da’wirinde kitap oqi’wshi’lari’ menen teatr tamashago’ylerinin’ di’qqati’n tartti’. Solardi’n’ ishinde «Ti’ni’msi’z tolqi’nlar», «Jali’nlar» pesalari’ 60-ji’llar dramaturgiyasi’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik da’rejesinen mag’li’wmat bererlik ko’rkemlik sapag’a erisken shi’g’armalar boldi’. Avtor «Jali’nlar»di’ U’stirtten gaz shi’g’ari’wshi’-lardi’n’ turmi’si’n su’wretlewge bag’i’sh etip, tiykarg’i’ waqi’yani’ razvedkali’q izleniw partiyasi’ni’n’ nachalnigi Qa’dir Saparov penen teren’ burawlaw razvedkali’q ekspeditsiyani’n’ nachalnigi Qa’lmen Orazov ha’m olardi’n’ ta’repdarlari’ arasi’ndag’i’ kelip shi’g’atug’i’n qarama-qarsi’li’q a’tirapi’nda rawajlandi’ri’wdi’ maqset etken. Avtor ta’repinen pesag’a material retinde ali’ng’an syujet to’mendegishe:

İnstitutta birge ta’lim alg’an, Parshagu’lge birge ashi’q bolg’an, frontti’ da birge o’tkergen Qa’dir Saparov ha’m Qa’lmen Orazov arasi’nda jumi’s babi’nda «pikir talaslari’» payda boladi’. İplas Qa’lmen Orazov o’zinin’ ataq abi’royi’ ushi’n Gu’lziyra Saparova ha’m G’afurlarg’a tezirek gaz shi’g’ari’w maqsetinde teren’ burawlarg’a kirisiwdi buyi’radi’. Bul buyri’qqa Qa’dir Saparov, Gu’lziyra Saparova, Sa’lmen ata ha’m G’afurlar ha’mmesi qarsi’ boladi’. Biraq teren’ burawlawg’a kirisiw buyri’g’i’n da ori’nlaydi’.

Birinshi akttin’ son’i’nda teren’ burawlaw skvajinasi’nan gaz shi’g’adi’. Biraq avtor buni’n’ menen pesani’n’ birinshi aktin g’ana tamamlaydi’. Ekinshi aktte Qa’lmen Orazov ha’m Qa’dir Saparovlar arasi’nda tag’i’ ekinshi tarti’s oylap tabi’ladi’. Bul tarti’s gaz shi’g’ari’li’wi’ menen baylani’sli’ bolg’an avariyani’n’ ayi’pkerligin kimge ju’klew ma’selesi a’tirapi’nda boladi’. Akttin’ son’i’nda avtor ha’m barli’q «unamli’» perso-najlardi’n’ birlesip ali’p barg’an qarsi’ gu’resi na’tiyjesinde Qa’lmen Orazov ayi’plani’p jumi’stan shi’g’ari’ladi’. Biraq pesa bul jerde de tamamlanbaydi’. Avtordi’n’ Qa’lmen Orazovqa degen o’shpenliligi barg’an sayi’n arta tu’sedi. U’shinshi akt jigirma eki ji’l «ayrali’q dag’i’nda» ku’ygen Qa’dir Saparov penen oni’n’ buri’ng’i’ hayali’ Parshagu’ldin’ qosi’li’wi’, G’afur menen Gu’lziyra Saparovani’n’ toyi’ ko’rinislerinde de Qa’lmen Orazovti’n’ a’shkaralani’wi’ dawam etedi. Pesa aldi’n ala «3 aktli, 6 kartinali’» boli’p planlasti’ri’lg’anli’g’i’ sebebinen usi’ jerde pitedi. Tilekke qarsi’, T.Seytjanovti’n’ nahaqli’qqa degen qarsi’ gu’resi ayi’ri’m sebeplerden tamashago’ylerge o’zi oylag’ani’nan basqasharaq jetip keledi. Pesada waqi’yalardi’ bir o’zekke ji’ynap rawajlandi’ri’wshi’ qarama-qarsi’li’qti’ ani’q emesligi saldari’nan ha’r akttin’ waqi’yalari’ bir-biri menen baylani’sa almay qalg’an. Sebebi olar dramali’q gu’res sheshiliwi za’ru’rliginen emes, al pesani’n’ ko’lemin ko’beytiw za’ru’rligi tiykari’nda bir-birine jalg’asti’ri’li’p qoyi’lg’anday boli’p ko’rinedi.

60-70-ji’llar pesalari’ni’n’ ko’pshiligi derlik jaslar turmi’si’n, olardi’n’ muhabbati’n, miynettegi erliklerin sa’wlelendiriwge arnaladi’. Sapar Xojaniyazovti’n’ «Ari’wlar», Saparbay Ta’jimuratovti’n’ «Pitpey qalg’an portret», T.Seytjanovti’n’ «Ti’ni’msi’z tolqi’nlar» muzi’kali’ dramalari’, mine, usi’nday a’wladti’ ta’rbiyalawg’a u’les qosarli’q shi’g’armalar boldi’.

Bul ji’llarda bulardan basqa J.Aymurzaevti’n’ «Sheberxanni’n’ shi’rmawi’g’i’», T.Jumamuratovti’n’ «Qi’zlar ha’zili», D.Aytmuratovti’n’ «Pirqaqqan», P.Tilegenovti’n’ «Ji’nayatli’ kim» pesalari’ do’retildi. Tilekke qarsi’, bul pesalar da T.Seytjanovti’n’ «Ti’ni’msi’z tolqi’nlar» dramasi’ndag’i’day ideyali’q-ko’rkemlik da’rejesi jag’i’nan ayi’ri’m nuqsanlarg’a iye bolg’anli’qtan saxnalardi’n’ turaqli’ repertuarlari’na aylani’p qala almadi’.

Bul ji’llarda D.Aytmuratov ta dramaturgiyani’ professionalli’q da’rejege ko’teriwde salmaqli’ u’les qosti’.

Dramaturgttin’ 1967-ji’li’ jazi’lg’an «Pirqaqqan» komediyasi’ni’n’ qouw-ji’li’ qayta islengen jan’a varianti’ «Yalg’anshi’ni’n’ isi» 70-ji’llar dramaturgiyasi’nda joqari’ ko’rkemlik sapag’a erisiwge umti’li’wdag’i’ da’slepki qa’demlerden boldi’. Da’wlen Aytmuratov dramaturgiyag’a lirikali’q poeziyadan keldi. Oni’n’ da’slepki pesasi’ avtor ushi’n drama jarati’wdag’i’ birinshi o’zin si’nap ko’riwi edi. Biraq teatr o’neri ha’m dramani’n’ ishki si’rlari’n ele jeterli o’zlestire almag’an avtordi’n’ birinshi pesasi’nda ushi’rasatug’i’n ko’p so’zlilik, ha’reketdin’ kemligi, biz so’z etpekshi boli’p oti’rg’an «Yalg’anshi’ni’n’ isi»inde de azlap ushi’rasti’. Degen menen, son’g’i’ variant temasi’ni’n’ aktualli’g’i’, janrli’q su’wretleniwdegi originalli’g’i’ jaqlari’nan, ayi’ri’m obrazlardi’n’ tipiklik da’rejege erisiwi boyi’nsha biraz alg’a ilgerlewshilikke iye. Pesa ha’zirgi zamanni’n’ tu’pkilikli ma’selelerinin’ birine arnali’p, ideyali’q mazmuni’ jag’i’nan adamlar arasi’ndag’i’, a’sirese oraydan shetkeri jerlerde ko’plep gezlesip qalatug’i’n jag’i’mpaz adamlardi’n’ ja’miyet ushi’n ersi qi’li’qlari’n tamashago’y aldi’nda ashi’p berip, ashshi’ ku’lki arqali’ a’shkara etiwge arnaladi’.

Pesani’n’ waqi’yasi’ ju’da’ a’piwayi’ kompozitsiyada qurasti’ri’ladi’. Si’rttan qarag’anda pesa dawami’nda hesh qanday aytarli’qtay waqi’ya boli’p o’tpegendey ko’riniwi de mu’mkin.

60-70-ji’llarda tariyxi’y tema - qaraqalpaq drammaturgiyasi’nda tiykarg’i’ tematikalardi’n’ birine aylandi’. Bul tematikalardi’ G.D.Abdulov penen G.Bayandievler “Qaraqalpaq qi’zi’” instsenirovkasi’n, P.Tilegenov «Begjap tragediyasi’n», İ.Yusupov “Aktrisani’n’ i’g’bali’” dramalari’n do’retti. Bul saxna shi’g’armalari’ni’n’ tiykarg’i’ jetiskenlikleri dep konflikt ha’m xarakter jarati’wdag’i’ saxna ustasi’ni’n’ realistlik do’retiwshilik qatnasi’n, janrdi’n’ si’ri’n teren’ iyelewlerin ayti’p ketiwge boladi’. Bul si’pat a’sirese İ.Yusupov do’retiwshiliginde ayqi’n seziledi. İbrayi’m Yusupov qaraqalpaq a’debiyati’nda lirikali’q ko’plegen do’retpeleri menen xali’qqa tani’lg’an shayi’rlardan boli’p, dramaturgiyag’a alpi’si’nshi’ ji’llardi’n’ basi’nan aralasti’. A’.Shamuratovti’n’ “Qi’ri’q qi’z” pesasi’ tiykari’nda qayta islengen usi’ attag’i’ tariyxi’y dramasi’ ha’m “Aktrisani’n’ i’g’bali’”, “O’mirbek laqqi’” original pesalari’ Qaraqalpaq ma’mleketlik teatri’ saxnasi’nda qoyi’li’p, xali’qqa ko’rsetildi.

«Aktrisani’n’ i’g’bali’» qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ janlani’wi’n ko’rsetiwshi, 60-ji’llar ushi’n g’ana emes, al pu’tkil dramaturgiya tariyxi’ ushi’n da en’ bir sa’tli shi’g’armalardan esaplanadi’. Bul dramani’ do’retiwde avtor o’zinin’ shayi’rshi’li’q uqi’bi’nan da sheberlik penen paydalana bilgen ha’m soni’n’ na’tiyjesinen “Aktrisani’n’ i’g’bali’”ni’n’ poetikali’q liro-drama boli’p shi’g’i’wi’na erisken.

Uli’wma, İ.Yusupovti’n’ “Aktrisani’n’ g’i’bali’” eki aktli, jeti kartinali’ dramasi’ ideyali’q-ko’rkemlik bir pu’tinlikke iye, sheber jazi’lg’an shi’g’armalardan boli’p, qaraqalpaq dramaturgiyasi’ tariyxi’nda en’ bir a’hmiyetli pesalardi’n’ biri dep atawg’a turarli’.

70-ji’llardi’n’ aqi’ri’nda 80-ji’llardi’n’ basi’nda qaraqalpaq dramaturgiyasi’ o’z rawajlani’wi’ni’n’ joqari’ shoqqi’lari’n iyelewge qaray umti’ldi’, dramani’n’ formalari’ bayi’di’, drama muzi’kali’q dramadan realistlik dramag’a, tragediya «Begjap tragediyasi’»nan trago-komediya «O du’nyag’a mira’tke» shekem o’sip o’tti, saxnami’zda Beruniy, Berdaq, Qumar ana, Ernazar alako’z qusag’an jan’a tariyxi’y qaharmanlar xarakteri menen obrazlari’ jarati’ldi’.

K.Raxmanovti’n’ «Kelin», «Raxmet, kelin» pesalari’n-da jan’asha oylaytug’i’n zamanago’y jaslardi’n’ obrazi’n jarati’wg’a di’qqat awdari’ldi’. T.Jumamuratov «Qi’zlar ha’zili» komediyasi’ menen komediya janri’na a’dewir uqi’bi’ bar dramaturg boli’p jetiliskenligin ko’rsetti. T.Qayi’pbergenov «Familiya» dramasi’ menen dan’qparaz-li’qti’ qatti’ si’ng’a aldi’. İ.Yusupov «Qi’rq qi’z», D.Aytmuratov «Aqmaqli’qti’ maqtaw» dramalari’ menen dramaturgiyani’n’ rawajlani’wi’nda jan’a bag’dar payda etti.

70-ji’llarda İ.Yusupovti’n’ «A’jiniyaz» operasi’ni’n’ do’rewi bul teatr o’nerindegi jan’a buri’li’sti’n’ baslani’wi’ esaplandi’. 60-80-ji’llar dramaturgiyasi’nda Pirlepes Tilegenovti’n’ dramali’q shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik salmag’i’ ayri’qsha boldi’. Oni’n’ ko’plegen pesalari’ O’zbekistan, Qazaqstan, Ta’jikstan, Qi’rg’i’zstan teatrlari’ni’n’ saxnalari’nda qoyi’ldi’. P.Tilegenov dramalari’ni’n’ ishinde «Begjap tragediyasi’», «İnsan ta’g’diri», «Ko’len’ke» pesalari’ dramaturgiyami’zg’a salmaqli’ u’les qosqan shi’g’armalar esaplanadi’. P.Tilegenov 60-ji’llardi’n’ wo’zinde-aq dramaturgiyami’zg’a jan’a formalar ali’p kirdi. Oni’n’ «Begjap tragediyasi’» usi’ da’wirlerdegi muzi’kali’q dramadan realistlik tariyxi’y dramag’a o’sip o’tken shi’g’arma esaplanadi’. Bul drama 1963-ji’li’ qayta islenip, ideyali’q-ko’rkemlik sapasi’ a’dewir jetilisti, qi’zi’qli’ xarakter, dramali’q keskin konfliktler jarati’w jag’i’nan bir qansha tabi’slarg’a eristi. Dramadag’i’ Azat,

Perida ha’m hiyleker, aqi’lli’ Qutli’murat obrazlari’ ha’r ta’repleme jetilisken obrazlar. Bul obrazlar haqi’yqi’y ko’rkemlik penen isenimli sa’wleleniwin tapqan. Avtordi’n’ «Ko’len’ke» pesasi’ «Hu’jdan» degen at penen saxnalasti’rg’an. Pesada bekkem semya quri’w, hadal jasaw ma’seleleri isenimli ha’m ko’rkem etip ortag’a qoyi’lg’an. Pesa qaharmanlari’ bolg’an erli-zayi’pli’ A’dilbek-Za’wre obrazlari’ bizdi o’mirde qi’rag’i’ boli’wg’a, o’mirden o’z orni’mi’zdi’ tabi’wg’a shaqi’ri’p turadi’. Pesa talaba gezinde turmi’s shi’g’i’p, jas balali’ bolg’an Ja’miyla degen kelinshektin’ ta’g’dirin so’z etiwge bag’i’sh etilgen. Pesa waqi’yalari’ni’n’ rawajlani’w bari’si’nda pesa qaharmani’ Ja’miylani’n’ ku’yewi A’dilbekten aldani’p qalg’anli’g’i’n ko’remiz. A’dilbek buzi’q oyli’ sawda xi’zmetkeri Za’wre degennin’ hiylelerine erip, jas balasi’ menen hayali’ Ja’miylani’ taslap ketiwge deyin bari’p jetedi. Ja’miyla semyasi’n buzg’i’si’ kelmey, qoldan kelgen barli’q ha’reketlerdi isleydi: ha’tte shan’arag’i’mdi’ buzba, balam jetim qalmasi’n, dep Za’wrenin’ u’yine de baradi’. Biraq Za’wre de, A’dilbek te oni’n’ ga’plerine qulaq aspay, oni’n’ pa’k sezimlerin ayaq asti’ etedi.

Avtor Ja’miyla obrazi’ni’n’ qarama-qarsi’si’ si’pati’nda Za’wre obrazi’n do’retken. Za’wre du’nyag’a duzaq qurg’an, qi’mbat baha kiyim-kenshek, tilla’-tag’i’nshaq, mal du’nya tabi’w ushi’n barli’q haramshi’li’qlardan da qaytpaytug’i’n du’nyaxor, jalatay, buzi’q hayaldi’n’ tipi. A’dilbek te turmi’sta jeke-siyrek bolsa da ushi’rasi’p turatug’i’n ko’rseqi’zar, jen’il minezli, o’mirdin’ qi’yi’nshi’li’g’i’nan qashi’p, an’sat o’mir keshiriwdi ku’seytug’i’n na’kas adamlardi’n’ tipi. Oni’n’ bul na’kasli’q si’pati’ Za’wreni aqsha menen «ji’g’i’p ali’w» ushi’n ni’zamsi’z ha’reketler islep, haq ko’kirek ju’ginistey jigitlerge jalg’an hu’jjetlerge qol qoydi’ri’p, oni’ otqa i’si’ri’p salmaqshi’ bolg’an ha’reketlerinen ayqi’n seziledi.

Shi’g’armani’n’ aqi’ri’nda A’dilbek o’mirden tis jep, qa’te-kemshilikleri ushi’n Ja’miyladan keshirim sorap keledi. Biraq oni’n’ insaniyatqa ni’zamg’a

qarsi’ islegen qi’lmi’slari’n Ja’miyla keshire almaydi’, «qi’n’i’r isi» ushi’n A’dilbek zan’ aldi’nda juwap beriwge ma’jbu’r boladi’. Avtor bul juwmaq penen, A’dilbektey na’kas adamlarg’a o’mirde ori’n joq, degen pikirdi ja’ne bir ma’rtebe tasti’yi’qlap ko’rsetedi. Son’g’i’ waqi’tlari’ teatr ha’m kino saxnasi’ o’neri jan’a ko’rkem filmlerdin’ jarati’li’wi’ menen de jan’a si’patli’q belgilerge iye boldi’. Jazi’wshi’lari’mi’zdan İ.Yusupov, N.Japaqov, J.Aymurzaev, İ.Qurbanbaev, O.A’bdiraxmanov, A.Sultanovler kinostsenariy jazi’w isleri menen shug’i’llana basladi’. Buni’n’ ayqi’n mi’sali’ si’pati’nda N.Japaqov, M.Melkumovlardi’n’ «Aral bali’qshi’si’» kinofilmin, J.Aymurzaevti’n’ «Egiz qi’z», İ.Qurban-baevti’n’ «Qi’rq qi’z», A.Sultanovti’n’ «Ziywar» kinofilmin, O.A’bdiraxmanovti’n’ «Ti’g’i’n» kinofilmlerin ayti’p ketiw mu’mkin.

Son’g’i’ ji’llari’ dramaturgiyag’a Q.Ma’tmuratov, M.Ni’zanov, S.Jumag’ulov si’yaqli’ bir qatar talantli’ jaslar kirip keldi. Usi’lardi’n’ ishinde Q.Ma’tmuratovti’n’ «Bir u’yde eki o’mir» dramasi’, M.Ni’zanovti’n’ «Eki du’nyani’n’ a’weresi» komediyalari’, 70-80-ji’llar dramaturgiyasi’ni’n’ basli’ tabi’slari’ni’n’ birine aylandi’. G’a’rezsizlik teatr iskusstvosi’ aldi’na da si’naqli’ reformalardi’ a’melge asi’ri’wdi’ bas wazi’ypa etip qoydi’. Sebebi teatr repertuarlari’ bolg’an dramali’q shi’g’armalardi’n’ ayi’ri’mlari’ tematikali’q jaqtan ju’da’ eskirgen edi, olar totalitar ja’miyettin’ totalitar siyasati’n ta’riypleytug’i’n tariyxi’y-revolyutsiyali’q temalarg’a quri’ldi’, zamanago’y temalarda original pesalar kem do’retildi. Sol ushi’n da dramaturgler 90-ji’llardi’n’ baslari’nan o’tken o’tmishimizdegi bay tariyxi’mi’zdi’, xalqi’mi’z basi’p o’tken mashaqatli’ jollardi’, bul jollardag’i’ xali’q bati’rlari’ni’n’ qaharmanli’q is-ha’reketlerin ulug’laytug’i’n tragediyali’q, tariyxi’y, sonday-aq keshegi jaqi’n o’tmishimizde ja’miyette ori’n alg’an jat illetlerdi kritikalaytug’i’n zamanago’y ruwxtag’i’ satirali’q, komediyali’q pesalar do’retiwge ku’shli bet burdi’. Dramaturgiyada

folklorli’q-xali’qli’q syujetke negizlenip pesalar jazi’w bag’i’ti’ payda bola basladi’. Repressiya qurbanlari’ temasi’ da dramaturglerimizdin’ na’zerinen shette qalmadi’. Atap aytsaq, T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba” (“Mi’n’ tillag’a bahalang’an gelle”), T.Allanazarovti’n’ “Aydos baba”, Q.Ma’tmuratovti’n’ “O’mirbek ha’m tazsha”, S.Jumag’ulovti’n’ “Adamlar qalay buzi’lg’an”, M.Ni’zanovti’n’ “Eki du’nyani’n’ a’weresi”, A.Sultanovti’n’ “Jazi’qsi’z to’gilgen qan” pesalari’ menen İ.Yusupovti’n’ “!jiniyaz” operali’q spektaklleri, minekey, usi’nday bag’i’ttag’i’ shi’g’armalar edi.

T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba” dramasi’ 1998-ji’li’ “Erkin Qaraqalpaqstani’” gazetasi’ betlerinde jari’q ko’re basladi’. Dramada su’wretlengen ayi’ri’m waqi’yali’q epizodlar jazi’wshi’ni’n’ “Baxi’tsi’zlar” romani’na tiykar etip ali’ng’an waqi’yalar menen ma’lim da’rejede sa’ykes keledi. Lekin jazi’wshi’ dramada Aydos baba obrazi’na dramaturg si’pati’nda prozasi’ndag’i’ Aydos biyge berilgen bahasi’na qarag’anda basqasha ko’z-qarasta boladi’, Aydos baba obrazi’na bu’gingi milliy g’a’rezsizlik da’wiri ko’z-qaraslari’nan shi’g’a oti’ri’p pikir ju’ritedi. Dramada su’wretlenilgen waqi’yalar Aydos o’mirinin’ 1710-1827-ji’llari’na tuwra keledi. Aydos bul da’wirde tu’rkiy xali’qlardi’n’ tariyxi’n, geneologiyali’q shejiresin jaqsi’ biletug’i’n adam si’pati’nda sa’wleleniw tabadi’. Biz buni’ dramadag’i’ Aydosti’n’ sawatli’ xan menen xan da’rejesindegi so’yleskenlerinen ani’q bayqaymi’z. Aydosti’n’ xan menen bolg’an bul so’ylesiklerinde qaraqalpaq ma’mleketshiligin du’ziwdegi Maman biydin’ umti’li’slari’, biraq bul umti’li’slardi’n’ Rossiya patshashi’li’g’i’ ta’repinen is ju’zinde qollap-quwatlani’lmag’anli’g’i’, patshashi’li’qti’n’ eki ju’zli siyasati’, sol ushi’n da Maman biydin’ qaraqalpaqlardi’ ata-babalari’ni’n’ Watani’-A’miwda’ryani’n’ to’mengi quyarli’qlari’na ali’p kelgenlikleri haqqi’nda pikir ju’ritiledi.

Dramada Aydos babani’n’ qaraqalpaq ma’mleketshiligin du’ziw haqqi’ndag’i’ oylari’ inileri Mi’rji’q, Begislerdin’ ko’z-qaraslari’na qarag’anda anag’urli’m ken’ ha’m unamli’. Mi’rji’q, Begisler qaraqalpaq ma’mleketshiligin du’zgende, tek bir ruw-Qon’i’rat ruwi’ni’n’ hu’kimdarli’q etiwin a’rman etedi. Aydos bolsa ruwlar arasi’ndag’i’ bul ala-awi’zli’qti’ saplasti’ri’p, barli’q qaraqalpaq ruwlari’n bir awqamg’a-Qaraqalpaq xanli’g’i’na biriktiriwdi oylaydi’. Ha’tte, ha’zir qudaytala A’mir Temirdi’ jari’q du’nyag’a qaytadan keltirgende me edi, men qaraqalpaq xanli’g’i’ haqqi’nda oylamag’an da bolar edim, degenge usag’an qi’yallarg’a da baradi’. Oni’n’ oyi’nsha, A’mir Temir barli’q tu’rkiy xali’qlardi’ bir ma’mleketshilikke biriktiriw ushi’n gu’resshen’. Aydos ta usi’ siyasatti’ qollap-quwatlaydi’.

Jazi’wshi’ Aydos ha’m oni’n’ tuwg’an-tuwi’sqanlari’ni’n’ obrazi’nda feodalli’q da’wirdin’ jikleniwshilikke, ala-awi’zli’qqa tiykarlang’an ni’zamlari’ menen a’dep-ikram normalari’n ashi’p beredi. Aydos tragediyasi’ arqali’ bolsa usi’ ala-awi’zli’qti’n’ aqi’betlerin ko’rsetedi. Jazi’wshi’-dramaturgtin’ Aydos haqqi’ndag’i’ jaqsi’ niyetleri oni’n’ obrazi’ni’n’ isenimli jarati’li’wi’na keri ta’sirin tiygizbeydi, kerisinshe avtor Aydos obrazi’n barli’q qarama-qarsi’li’qlari’ menen jarati’p beredi.

M.Ni’zanovti’n’ “Eki du’nyani’n’ a’weresi” pesasi’ toyi’msi’z, insapsi’z adamlardi’ qaralag’an komediya boli’p tabi’ladi’. Komediyada su’wretlenilgen waqi’yalar bizin’ jaqi’n o’tmishimizden ali’ng’an. Shi’g’armada du’nya jaralg’ali’ insaniyatti’n’ ayag’i’na tusaw boli’p kiyati’rg’an jag’i’mpazli’q, ali’msaqli’q, du’nyaparazli’q, paraxorli’q, jalaxorli’q usag’an unamsi’z illetler o’tkir si’ng’a ali’nadi’. Avtor Arti’q, O’texan, Asqar, Sa’rdar ha’m Nasi’rlardi’n’ obrazlari’n jarati’w arqali’ usi’ illetlerden jiyirkeniwge, og’an qarsi’ gu’resiwge shaqi’radi’. Komediya 1991-ji’ldan baslap No’kis, Tashkent teatri’ saxnalari’nda qoyi’li’p kiyati’r.

2001-ji’li’ A.Sultanovti’n’ “Nahaqtan to’gilgen qan” dramasi’ jarati’ldi’. Bul drama film halati’nda kino ekran saxnalari’nan da ko’rindi. Dramada XX a’sirde qaraqalpaq ma’mleketshiligin du’ziwdin’ basi’-qasi’nda bolg’an u’lken ma’mleketlik isker, xalqi’mi’zdi’n’ su’yikli perzenti Allayar Dosnazarovti’n’ repressiya da’wirindegi mashaqatli’ xi’zmetleri ha’m ayani’shli’ ta’g’diri so’z etiledi.

## II Bap G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’ni’n’ ideyali’q-ko’rkemlik wo’zgeshelikleri

G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ epikali’q janrlardi’n’ da rawajlani’wi’na da ken’ jol ashi’p berdi. Bul si’patli’ belgi a’sirese aqsaqal jazi’wshi’-shayi’rlari’mi’z T.Qayi’pbergenov, İ.Yusupovlar menen birge jas jazi’wshi’lari’mi’z bolg’an M.Ni’zanov, S.Jumag’ulovlardi’n’ do’retiwshiliginde de ayqi’n sezile basladi’. Biraq, biz jumi’si’mi’zdi’n’ bul babi’nda temami’zg’a say T.Qayi’pbergenovti’n’ «Aydos baba» tragediyasi’ menen jas jazi’wshi’lari’mi’z M.Ni’zanovti’n’ «Eki du’nyani’n’ a’weresi» ha’m S.Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?», «Ku’yewin’di berip tur», Q.Ma’tmuratovti’n’ «Eger muhabbat keshikse» atli’ dramali’q shi’g’armalari’na g’ana tallaw islemekshimiz.

Ma’mleketlik g’a’rezsizlik ji’llari’ buri’n unamsi’z yamasa qarama-qarsi’li’qli’ bahalani’p kelgen tariyxi’y waqi’yalardi’, tariyxi’y adamlardi’ qayta qarawg’a mu’mkinshilik tuwdi’. Soni’n’ ishinde Aydos biy tuwrali’ da buri’ng’i’ bir qa’lipke tu’sken pikirler o’zgerip, jan’asha ko’z-qaraslar payda bolmaqta. Bul boyi’nsha jazi’wshi’lar da do’retiwshiligi arqali’ mu’na’sibetlerin bildirmekte. 90-ji’llari’ payda bolg’an T.Allanazarovti’n’ “Aydos baba” tragediyasi’, T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba”, A’.Paxratdinovti’n’ “Aydos biy haqqi’nda a’psana” povesti, ko’plegen lirikali’q shi’g’armalar bul so’zimizge da’lil bola aladi’. Haqi’yqati’nda, 90-ji’llarda jazi’lg’an shi’g’armalar-da Aydos biyge bolg’an avtorli’q qatnaslar, ko’z-qaraslar pu’tkilley jan’a bag’darda, jan’a mazmunda ko’rindi. Jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenov ta “Aydos baba” (1997) dramasi’nda Aydos biy obrazi’n jan’asha jaratadi’. Oni’n’ usi’ dramadag’i’ ha’m “Baxi’tsi’zlar” romani’ndag’i’ Aydos biy obrazlari’ bir qatar uqsasli’qlarg’a iye, soni’n’

menen olar biraz qa’siyetleri belgileri, su’wretlewleri, a’sirese avtorli’q bahalawi’ boyi’nsha aji’rali’p turadi’.

“Aydos baba” atli’ dramada so’z etiletug’i’n waqi’yalar 1710-1727-ji’llar arasi’nda o’tedi. Dramadag’i’ qatnasi’wshi’lar: Aydos baba, xan, wa’zir, xanni’n’ ma’hremi, Begis ha’m Mi’rji’q (Aydos babani’n’ inileri), Dospan no’kerbasi’lar, no’kerler, diyqanlar, bali’qshi’lar, sharwalar, jetimler.

*Dramani’n’ qi’sqasha syujeti:* Birinshi ha’diysede Aydos ha’m Dospan xanni’n’ aldi’na qollari’ baylawli’ hali’nda ali’p kelinedi. Dospanni’n’ awzi’nda qanli’ shu’berek. Xiywa xani’ menen Aydos arasi’nda so’ylesiwlerden u’zindi keltireyik:

Xan: Aydos biy, men bilemen. Siz aqi’lli’si’z. Lekin, aqi’l kisini dan’q ha’m ulli’li’qta umti’li’w keselinen saqi’t qi’lsa g’ana aqi’l! Bolmasa... Xan ma’hremi: Ulli’ xani’mi’z, Qon’i’ratti’n’ ha’kimi de sol esersoq talabag’a arag’a tu’sip kelgen edi. Biyaqi’l ha’kimge o’shesip jazani’ awi’rlatqan edin’iz.

Xan: Aydos biy, sizdi de qon’i’ratli’ dep esittim. Men de sol qa’biladan shi’qqanman. Bilesiz be, qon’i’ratli’lardi’n’ tu’p babasi’ kim?

Aydos baba: Bizin’ yel arasi’ndag’i’ a’psanalarg’a qarag’anda ba’rshe tu’rkiyler arasi’na alawi’zli’qti’n’ tuqi’mi’n seppekshi bolg’anlarg’a qarsi’ gu’resken bir topar jigitler, basqalardan ayi’ri’li’p ko’zge taslani’wi’ maqsetinde o’n’shen’ qon’i’rat atlarg’a minip shi’qqan eken. Qon’i’rat qa’bilasi’ a’ne, solardi’n’ a’wladi’ desedi.

Xan: Abi’lg’aziy xanni’n’ “Tu’rk shejiresi” kitabi’nda basqasha. Efasti’n’ tog’i’zi’nshi’ a’wladi’. A’lxanni’n’ Kaen’ degen kishi uli’nan o’rbigenler qon’i’ratli’lar delinedi...

Aydos baba: Buni’ da biykarlamayman. Demek, sol qon’i’r atlardi’ da’slep mingenler Kainnin’ ullari’.

Joqari'da ayti'p o'tkenimizdey T.Qayi'pbergenov buri'n ko'rkem prozada ("Baxi'tsi'zlar" romani'nda) Aydos biy obrazi'n jasag'an edi. "Aydos baba" dramasi' menen romandag'i' Aydos obrazlari' arasi'nda a'dewir pari'q, uqsasli'qlar bar. Joqari'da Aydos biy ha'm xan arasi'ndag'i' so'ylesiwlerden ko'p na'rse biliwge boladi'.

Birinshiden, xanni'n' o'zi Aydos biydin' aqi'lli'li'g'i'n ha'm bilimliligin, moyi'nlawi' u'lken na'rse. Demek, Aydos biy ju'da' sawatli', tariyxti' teren' biletug'i'n qaraqalpaq xalqi'ni'n' biyi ekenliginen derek beredi.

Ekinshiden, Aydos biy tu'rkmen xalqi' menen de dosli'qta bolg'anli'g'i' so'z etiledi. O'ytkeni, ol tu'rkmen jigitin dar asti'nan qutqari'wi' u'lken ma'rtlikke, adamgershilikke jatadi'.

"Baxi'tsi'zlar" romani'nda bunday so'ylesiwler a'piwayi' tu'rde berilgen bolsa, "Aydos biy" dramasi'ndag'i' Xiywa xani'ni'n' so'zi de, Aydos biydin' so'zi de salmaqli', bilimli, tariyx ilimlerin, tu'rkiy xali'qlari'ni'n' shejirelerin jaqsi' biletug'i'n adam retinde su'wretlengen. Bul, a'lbette, zan'li' na'rse. Sebebi, Xiywa xani' da, Aydos biy de, xanni'n' ma'hremleri de, atqosshi'lari' da medireselerde oqi'g'an. İlimnin' a'lwan si'rlari'n iyelegen. Sonli'qtan bolsa kerek dramada Aydos biydin' bilimligi, sawatli'li'g'i' isenimli ko'rsetilgen. Aydos biy haqi'yqati'nda onlag'an ji'l meshit-mediresele rde oqi'g'an sawatli' ha'm bilimli qaraqalpaq xalqi'ni'n' ataqli' biyi. Sonday-aq Aydos biy qaraqalpaq xalqi'na xanli'q kerek ekenligin Xiywa xani'na buri'n da eskertken edi. Xiywa xani' qoli'nan kelgenshe ja'rdem etetug'i'ni'n aytqan.

Degen menen, Aydos biydin' ulli'li'g'i'n inileri Begis ha'm Mi'rji'q hasla oylamas edi. Olardi'n' maqseti de xali'qti' oylaw maqsetleri bir, lekin tu'sinikleri basqa-basqa, tutqan jollari' basqa.

Aydos biy qaraqalpaq xalqi’ qu’diretli xanli’qqa birlesse eken dep a’rman etse, Begis te, Mi’rji’q ta xali’qqa jaqsi’li’q oylaydi’, xanli’q ali’wdi’n’ ta’repdari’ boldi’, lekin olar Qon’i’rat xanli’g’i’n a’rman etti.

Qon’i’rat xanli’g’i’n du’ziw baslamasi’ To’remurat suwpi’dan shi’qqan baslama edi. Begis penen Mi’rji’q bolsa To’remurat suwpi’ni’n’ aldag’ani’na, so’zine erip og’an hadal xi’zmet etti. Aqi’betinde, tuwi’sqanlar arasi’nda kelispewshilikler shi’g’i’p bir-birin o’ltiriw menen juwmaqlandi’.

Aydos biydin’ is-ha’reketinin’ ashi’li’wi’nda To’remurat suwpi’ni’n’ orni’ ulli’. O’ytkeni, To’remurat suwpi’ Xojamurat suwpi’, Aydos biy u’shewi da’slep o’z-ara bekkem dosli’qta jasadi’. Sonday-aq, Aydos biy menen To’remurat suwpi’ arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q negizinde xanli’qqa talasi’wdan payda bolg’an. Dramada bul ko’rinisler isenimli su’wretlengen.

T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba” dramasi’nda Aydos biy obrazi’ ha’r ta’repleme ashi’lg’an. Aydos biy - bul dramada unamli’ is-ha’reketleri menen ko’rinedi. Aydostag’i’ aqi’li’li’q, miyrim-sha’pa’a’tlilik, ken’peyillik, sho’lkemlestiriwshilik, uqi’pli’li’q, bir so’zlilik, turaqli’li’q, adamgershilik, Watang’a, xalqi’na teren’ su’yiwshilik sezimlerdin’ su’wretleniwi oni’n’ obrazi’n ko’rkemlik jaqtan bayi’ti’p turadi’.

T.Qayi’pbergenovti’n’ “Aydos baba” pesasi’n qaraqalpaq dramaturgiyasi’na qosi’lg’an u’lken u’les dep esaplaymi’z. Oni’n’ shi’g’armalari’nda XVIII a’sirdin’ aqi’ri’nda XIX a’sirdin’ basi’nda o’mir su’rgen, el birligin saqlawg’a miynet etken qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ulli’ perzenti Aydos biy obrazi’ oqi’wshi’larda teren’ ta’sir qaldi’radi’.

G’a’rezsizlik da’wirdegi jaslardi’ adamgershilikke, Watani’n haqi’yqi’y su’ye biletug’i’n azamat etip ta’rbiyalawda “Aydos baba” dramasi’ u’lken a’hmiyetke iye, bahali’ do’retpe.

Muratbay Ni’zanovti’n’ «Eki du’nyani’n’ a’weresi» komediyasi’nda, komediyani’n’ ha’m su’wretlengen obrazlar, waqi’yalar bizin’ jaqi’n

o'tmishimizden ali'nsa da, onda adamzatqa elege shekem problema boli'p kiyati'rg'an su'txorli'q, toyi'msi'zli'q, du'nyaparazli'q, zi'qnali'q, ali'msaqli'q, hu'jdansi'zli'q, jag'i'mpazli'q: «tiyip ketsen', ji'ri'p ketti» si'yaqli' unamsi'z illet-insapsi'zli'q si'yaqli' jat qa'siyetlerge qarsi' gu'res ideyalari' ortag'a taslanadi'.

Shi'g'armani'n' basi'nda Asqardi'n' u'yinde Asqar ha'm oni'n' hayali' O'texanni'n' so'ylesiwi menen baslani'p kem-kem dramali'q tu'ske enisip ketedi. Olarg'a kelip qosi'lg'an Arti'q ha'm Nasi'rlar arqali' komediyani'n' waqi'yasi' haqi'yqi'y dinamikali'q rawajlani'wg'a o'tedi.

Asqar ha'm Nasi'r o'zleri xali'qti'n' ma'pin jep, oni' Arti'qti' o'ltirip, soni'n' moyni'nda ketti dep tergewden quti'lmaqshi' boladi'. Al buni'n' esesine Arti'qti'n' as-abati'n berip, oni'n' jesir qalatug'i'n hayali'na ja'rdem beriwdi ekewi o'z moyni'na aladi'. Al, Arti'q bolsa o'lip barati'ri'p ta basqalardag'i' qari'zlari'n bul ekewinen o'ndirip, o du'nyag'a para beriw ushi'n ali'p ketedi ha'm «menin' Asqar menen Nasi'rda pa'len som alasi' qari'zlari'm bar» dep hayali'na til xat taslap u'lgeredi.

Ku'yewinin' bul ha'reketleri o'zi buri'nnan buzi'q, basli'g'i'nan eki qabat boli'p qali'p, Arti'qqa asi'li'p ma'jbu'riy qosi'lg'an O'texang'a da on'ay tu'sedi. Ha'tte ku'yewinin' namazi'nda ku'yewine jani' ashi'p emes, al ilgeride haram o'lgen sawi'n si'yi'ri'ni'n' jetim qalg'an baspag'i'na kewli eljirep, dawi's sali'p ji'laydi'.

Komediya syujetindegi og'ada qoni'mli' ku'lkige tartatug'i'n bunday detallar ha'm ko'rinisler avtor ta'repinen geyde toli'q real planda, al geyde realli'qqa jaqi'n, biraq bo'rttirilgen-giperbolalasti'ri'lg'an awhalda ali'ni'p su'wretlenedi.

Sonday-aq shi'g'armada bug'an qosi'msha ayi'ri'm ori'nlarda o'mir qubi'li'slari'n qi'yali'y emes, tu's ko'riwshilik, gallyutsinatsiyali'q qubi'li'slar si'pati'nda bir-biri menen teren' qarasti'ri'li'p, sheber biriktirilip

berilgen. Bunday usi’llardi’n’ avtor ta’repinen basli’ ideyani’ ju’zege keltiriw joli’nda sheber biriktirip beriwge jazi’wshi’ni’n’ qa’lemi i’si’li’p, poetikali’q ko’rkemlik da’rejesinin’ o’skenliginen derek beredi.

Mi’sali’, shi’g’armadag’i’ Arti’qti’n’ tu’s ko’riw qubi’li’si’, oni’n’ o du’nyadag’i’lar menen de kelisip, beyishke bari’wg’a talpi’ni’wi’ waqi’yasi’, du’nya ushi’n ha’tte o’zinin’ o’mirinen keshiwi, pul, mal-mu’lk ushi’n buzi’q hayalg’a bile tura u’yleniwi ha’m a’mel ali’w waqi’yalari’ bizin’ bul pikirimizdin’ mi’sali’ bola aladi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ komediyada astarli’, i’zg’arli’ ku’lki oyati’w ta’sirshen’ligin asi’ri’p do’retpenin’ poetikasi’ni’n’ sheber ha’m ken’ligin tasti’yi’qlap tur.

G’a’rezsizlik da’wiri dramaturgiyasi’ni’n’ ja’ne bir tabi’si’li’ do’retpesi-Qi’pshaqbay Ma’tmuratovti’n’ «Keshikken muhabbat» atli’ pesasi’ boli’p tabi’ladi’. Bul do’retpe 2003-ji’ldi’n’ noyabr ayi’ni’n’ ortasi’nda Berdaq ati’ndi’g’i’ Qaraqalpaq Ma’mleketlik sazli’ teatri’ni’n’ saxnasi’nda tamashago’yler di’qqati’na usi’ni’ldi’. Saxnalasti’rg’an rejisser O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q artisti, Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ Q.Abdreymov, bas rolde O’zbekistang’a xi’zmet ko’rsetken artist, Qaraqalpaqstan xali’q artisti T.Qayi’pnazarova, drama saxnasi’n ko’rkemlik jaqtan bezegen O’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q xudojnigi, Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ İ. Alibekov.

Waqi’yalar xudojniktin’ tapqi’rli’g’i’nda a’piwayi’ g’ana bezetilgen shan’araqta o’z aynali’si’ menen o’tip turadi’. Qi’di’r rolin O’zbekistang’a xi’zmet ko’rsetken artist B.Uzaqbergenov atqarg’an. Ol perzentlerine g’amxor-mehriban a’ke, o’mirlik joldasi’ Nazli’mdi’ jan ta’ni menen su’yetug’i’n u’lken hujdan, biyik ar-nami’s iyesi. Avtor Qi’di’rdi’n’ usi’nday insan si’pati’nda kelbetin bergen bolsa, rejisser da roldi Uzaqbergenovqa bergende jan’i’laspag’an desek qa’te bolmas.

Nazli’m rolin belgili aktrisa M.İsmaylova atqarg’an. Nazli’m-Qi’di’rdi’n’ o’mirlik joldasi’. Spektakl Nazli’mni’n’ dem ali’sqa keliwin, Qi’di’rdi’n’ asi’g’i’sli’q penen ku’n sanap oti’rg’an saxnasi’nan baslang’an. Qi’di’rdi’n’ su’yiushiligi, is ha’reketi, Nazli’mg’a intizarli’g’i’ tamashago’yler ta’repinen isenerli ha’m ji’lli’ ko’z-qarasta qabi’llani’p oti’radi’.

Nazli’m bolsa dem ali’stan ko’terin’ki ruwxta, ayti’wg’a til jetkisiz shadli’qta qayti’p kelip, ku’yewi Qi’di’rdi’ xoshametleydi, oni’n’ etken g’amxorli’g’i’, qari’zlansa da qa’rejet tawi’p emletkeni barli’q nawqaslari’nan ayi’g’i’p qaytqani’n ayti’p oni’n’ menen qushaqlasi’p ko’risedi…

Nazli’mni’n’ xoshametlerinin’ shi’n ju’rekten emes ekenligin zeyinli tamashago’yler an’lap oti’radi’.

A’lbette, saxnani’n’ birden-bir hu’kimdari’ o’ner boli’p esaplanadi’. Ol dramaturg pikirin ashi’p beretug’i’n, rejiserdin’ sheshimlerine jan kirgizip tamashago’yler menen jekpe-jek, ju’zbe-ju’z qatnasta boli’p, og’an zawi’q bag’i’shlaytug’i’n, oylawg’a, pikir ju’rgiziwge ma’jbu’rleytug’i’n da aktërlar.Dramani’n’ bas qaharmani’-Nazli’m. Waqi’ya so’zsiz do’geregine ja’mlestirilgen boli’wi’ kerek ha’m solay islengen de. Tamashago’ylerdin’ tan’latatug’i’n da jeri sonda- Nazli’m orta jasta, balalari’ er jetip, uli’ Armiyada xi’zmet etip, qi’zi’ erjetkenlik atestati’n alar da’wirinde o’zinin’ keshikken muhabati’-Da’wrandi’ tabadi’. Bul muhabbat buri’n bolarmedi, ju’reginde buqqi’ taslap pursat baylap jati’r eken.

Bul jag’i’n bizge avtor da, rejiser da ashi’p bermeydi. Tamashago’y di’qqati’n’da tosattan shahmaq shaqqanday birden bolg’ang’a uqsamaydi’, sebebi Da’wran (B.Nazari’mbetov) Qi’di’rdi’n’ dosti’si’, shan’arag’i’ buri’nnan bar-keli, si’ylasi’g’i’ bar adamlar. Keyinala Nazli’m is-ha’reketleri,

ju’rek tuyg’i’lari’, Da’wrang’a degen muhabati’ shi’n ma’nisinde ekenin a’ste-aqi’ri’n tamashag’o’yge tu’sindirip baradi’.

Nazli’m qansha anasi’na jalbari’nsa da, oni’n’ zari’n shi’bi’n shaqqan da’rejede ko’rmeydi. Zayi’bi’ Qi’di’r Nazli’mdi’ jan-ta’ni menen su’ygenlikten, joldan qayti’wi’n jabi’li’wi’ qazan jabi’li’wi’nsha qali’wi’n, heshkimge heshqashan tis jarmasli’g’i’n ayti’p, erkek basi’n jerge ursa da Nazli’mg’a ka’r etpeydi. Aydi’ etek penen jawi’p bolmag’ani’nday anasi’ni’n qi’li’qlari’na shi’damag’an qi’zi’ Mehriyban, Nazli’mni’n’ anasi’ Aysha (T.Qayi’pnazarova) menen a’kesi Turdi’qulg’a (J.Sultabaev) bar haqi’yqatli’qti’ to’gip sali’p, anasi’ Ayshani’ jer toqpaqlatti’, a’kesi Turdi’quldi’ jer tisletti. Olardi’n’ muhabbat haqqi’nda uli’wma tu’sinigi basqa adamlar, endi olar hali’qti’n’ betine qalay qarap tik ju’rip jasay aladi’. Olar ushi’n bul mashqala o’limnen de awi’r turadi’. Bul jerde so’z oyi’ni’ da sheberlik penen atqari’ladi’.

Aysha: - Ne boli’pti’, u’stinen shi’g’i’ppa dese, g’arri’si’ Turdi’qul: - yaq asti’nan shi’qqan, dep qa’reken’e ta’n bolmag’an so’zdi ashi’w u’stinde ayti’p saladi’. Nazli’mni’n’ a’kesi Turdi’qul qi’zi’ni’n’ u’yine awi’r halda keledi. A’kesi qi’zi’na pi’shag’i’n beredi, senin’ bulay tik ju’rgenin’nen sag’an jerdin’ asti’ maqul, degen g’a’pi edi a’kesinin’. Al Nazli’m bolsa olardi’n’ ar-nami’si’, qi’zi’ Mehriybanni’n’ jan ju’yesinen shi’qqan shi’n’g’i’ri’g’i’n ko’k tiyin shelli ko’rmey, qayta olardi’ o’zin tu’siniwge, eleberin tu’sinip ketiwine isendirmekshi boladi’. Shi’n muhabbati’n keshigip bolsa da endi tapqani’n, ol muhabbat degen naysap ju’regin mi’n’ jerinen qaplap oti’rg’ani’n, tu’sinetug’i’n birde adamni’n’ joqli’g’i’na nali’ydi’. Zalg’a tamashagoylerge uran taslaydi’. Oni’n’ muhabbati’n tu’singendey birew bolsa da quwatlawshi’ tayani’sh ku’sh izleydi, tamashagoyler menen tikkeley aralasi’p ketedi.

Da’wranni’n’ zayi’bi’ Ori’ngu’l (artist-G.Jumaniyazova) Nazli’mg’a kelip ko’p ji’lli’q qurdasli’g’i’n, tati’sqan duzi’n, o’tken tati’wli’g’i’n ortag’a sali’p «esin’ barda etegin’di jap», dosti’m, dep jali’ni’p aytqan so’zlerin de qullaqa aspaydi’. Sebebi, Nazli’mxanni’n’ keshikken muhabbati’ qulag’i’n geren’, ko’zin go’r qi’li’p, a’lle qashan Ori’ngu’l aytqan tuyg’i’lardan jurday bolg’an edi. Ori’ngu’l basqasha jol tutti’, ol o’zinin’ Da’wrani’n kisige bermeytug’i’n, o’z Da’wrani’ etip uslap qali’w ilajlari’n qarasti’rdi’ ha’m xojali’g’i’ buzi’lmawi’ jollari’n tapti’rdi’. Avtor da, rejisser da, akter da bul jerde ata babalardan qalg’an «at aylani’p qazi’g’i’n tabar», «adasqanni’n’ ayi’bi’ joq, qayti’p u’yirin tapqan son’» naqi’llari’na a’mel qi’ldi’. Ori’ngu’l nege men sol hayal islegen nazdi’ isley almayman, bir waqi’tlari’ erimdi erkeletken o’zim, ha’zir nege qoli’mnan kelmes eken, a’lle umi’ti’p kettin’ beW Rastan da men eri tu’n’ilip taslap ketetug’i’n qati’ng’a aylang’ani’m baW Xojali’qti’n’ wytqi’si’- qati’n, o’resi-erkek ekenin bile tura men bul shan’araqti’n’ o’resinen nege ayri’ldi’mW-degen sani’ joq sawallarg’a juwap izlep, o’z-o’zine esap berdi. Na’tiyjede, Da’wran u’yine qaytti’, Nazli’mg’a bergen kewili, muhabbati’ Da’wranni’n’ dosti’ Qi’di’rg’a qi’lg’an qi’yametinen basqa hesh na’rse bolmay shi’qti’. Bul awhal Nazli’mni’n’ ju’regin ja’ne de tilkimlep u’sti-u’stine duz septi.

Ar-nami’sqa shi’damag’an Nazli’mni’n’ anasi’ Aysha jan tapsi’rdi’. Oni’n’ qayg’i’si’ keshikken muhabbat ha’sireti aldi’na tu’kke de turmaytug’i’n, na’zerge de ilinbeytug’i’n bir na’rse si’yaqli’ boli’p qaldi’.

Biz esitip-bilip ju’rgen muhabbati’mi’z eki tu’rli boladi’. Birewi-gu’l sawg’a etip, qosi’q jazi’p, ah uri’p, arasi’nda ko’z-jas ta to’getug’i’n, biraq azi’-kem qarsi’li’qqa ushi’rassa, ertektegi sherim etiktey qaq ayi’ri’li’p so’tilip ketedi. Al, ekinshisi-gu’l de ko’termeydi, ko’z jasi’n da to’kpeydi, qarsi’li’qqa ushi’rag’an sayi’n ni’g’ayi’p bara beredi. Bunday muhabbatlardi’n’ bir tilde, biri kewilde deydi. Birinshi muhabbati’n’ gu’l

menen ko'z jasi'n ali'p taslasan', aq tawi'qti'n' muhabbati' boladi' da qaladi'.

M.İsmaylova bas roldi og'ada ka'mine keltirip atqardi'. Da'wranni'n' muhabbati' aldamshi' ekenin bilip ji'lap ati'rsa, zalda tamashago'yler arasi'nda «haqqi'n'nan» degen ga'pler de esitilip turdi'. Nazli'm obrazi' jaratqan aktrisa sol rolge ju'da' berilip, jigerlenip, bar talanti'n iske sali'p oynadi'. Nazli'mni'n' ishki si'rlari'n ashi'p berip, oni' muhabbat qurbani' etip ko'rsete aldi'. So'zlerdi orni'-orni'nda qollandi'. Qanday jerde qanday so'zler ayti'li'wi' keregin ba'rin aktrisa tamashago'ylerge toli'q jetkeredi. Uli'wma, spektalde barli'q aktërlar rollerin derlik ori'nli' atqardi'. Zi'yat-kem qozg'ali's payda bolmaydi'.

Avtor Q. Ma'tmuratov temani' ti'n'nan jari'p, waqi'yani' partawdan tapqan emes. Bul illet deymiz be, bizge aralasi'p sin'isken Evropa ma'deniyati' deymiz be, qalay aytsaq ta, pesa waqi'yasi' bizin' bu'gingi turmi'si'mi'zda az da bolsa ushi'rasi'p turatug'i'n waqi'ya. Ju'da' tan'lani'p jag'a uslag'anday jeri joq.

A'sirese, son'g'i' waqi'tlari' muhabbat degen ila'hiy ku'shke iye so'z a'piwayi' so'zler dizbegine kirip ketken si'yaqli'. Qosi'g'i'nda muhabbat, su'yemen, ku'yemen, o'lemen, tamnan boyi'mdi' taslayman degenlerdi jasi'raq gezlerimizde baqsi'lar aytqan «G'a'rip ashi'q» da'stani'nda Sa'nemnin' ko'shkiden G'a'riptin' u'stine o'zi taslag'ani'nan esitip edik, biraq ko'z benen ko'rgenimiz joq.

«Jazi'wi'shi'-adam jani'ni'n' injeneri» degen ga'p bar. İnjener texnikani'n' nuqsanlari'n aldi'n-ala bilgenlikten injener. Bul jerde avtor muhabbatti'n' keshigiw sebeplerin, baslani'w tiykarlari'n muhabbatti'n' o'zi go'zlegen maqseti neden ibarat, oni'n' ne menen pitiwi kerek, bulardi' ashi'wg'a tamashago'ylerge jetkerip beriwge ha'reket etpegen. Qalg'an

jag'i'n tamashago'y oy-ta'rezisine sali'p qaysi' tasi' menen o'lshese o'z erkinde.

Muhabbatti'n' tiykari' qosi'li'w bolsa, oni'n' aqi'beti du'nyag'a keletug'i'n' perzentler emes pe? Ana muhabbati' azi'-kem perzentlerge de bo'linbey me? Sebebin qarasti'ri'p aqi'bet penen jalg'asti'ri'w kerek pe edi? Avtor da, rejiser da dramani' qaytadan ko'zden o'tkergeni jo'n bolar degen pikirdemiz.Spektakl haqqi'nda juwmaqqa keletug'i'n' bolsaq, go'jegin tawi'p emizbey, manlayi'na tewip ketetug'i'n qoyan atawi'li'ni' ko'z aldi'mi'zg'a keltirip anasi' salg'an da'rtten ju'regi shekken zardabqa shi'damay Nazli'mni'n' qi'zi' Mehribanni'n' ashshi' shi'n'g'i'rg'an dawi'si' qulag'i'mi'zda qalg'ani'n jasi'ra almaymi'z.

«Keshikken muhabbat» spektaklnin' sa'tli shi'g'i'wi'nda avtor menen rejisserdi'n' miynetleri ten'dey. Uli'wma, ko'p ji'llardan beri bunday spektakldin' teatri'mi'zda bolmag'ani'n jasi'ra almaymi'z.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda qaraqalpaq dramaturgiyasi'na salmaqli' u'les qosi'p kiyati'rg'an talantli' dramaturglerdin' biri Saylawbay Jumag'ulov boli'p esaplanadi'. Oni'n' qoow-ji'li' «Adamlar qalay buzi'lg'an», qooe-ji'li' «Ku'yewin'di berip tur» atli' komediyalari' Sapar Xojaniyazov ati'ndag'i' jas tamashagoyler teatri'nda qoyi'li'p, tamashago'ylerdin' di'qqati'n o'zine tartti'. Biz endi usi' shi'g'armalarg'a azi'- kem pikir bildirip ketpekshimiz.

O'zbekstan xali'q jazi'wshi'si', belgili ku'lki so'z sheberi Sayd Axmad qaraqalpaqti'n' belgili yumoristi Saylawbay Jumagulov haqqi'nda «Mushtum» jurnali'nda «Qaraqalpaqta Saylawbay Jumagulov degen tu'p dese, tu'pirigi shayandi' til tartti'rmay o'ltiretug'i'n, tili za'ha'rge aylani'p ketken yumorist shi'g'i'p qaldi'»,-dep biykarg'a aytpag'an eken.

Sapar Xojaniyazov ati'n'dag'i' Qaraqalpaq Ma'mleketlik jas tamashago'yler teatri'nda bul yumoristtin' «Ku'yewin'di berip tur» atli' bes ko'rinisli komediyasi' saxnag'a qoyi'ldi'. Komediyani'n' qi'sqasha

mazmuni’ to’mendegishe**:** Marjan atli’ jas ilimpaz qi’z o’zinin’ 30 jasqa shi’qqani’n o’z doslari’ menen belgilep ati’rg’ani’nda, ku’tilmegen telegramma kelip qaladi’. Qi’rg’i’zstanli’ doslari’ asi’g’i’s sali’pti’, olar beri qarap qi’di’ri’p qi’di’ri’p kiyati’rg’ani’n ayti’pti’.

Marjan qi’yi’n bir jag’dayg’a tu’sip qaladi’. Sebebi, bul qi’rg’i’z doslari’na-Manas ha’m G’umshag’a bir waqi’tlari’ sol jaqta dem ali’p qayi’tqani’nda «ku’yewge shi’qqanman, u’yde ayday ku’yewim bar» dep maqtani’p ayti’p salg’an edi. Ol kiyati’rg’an qi’rg’i’z doslari’ni’n aldi’nda o’tirikshi bolg’i’si’ kelmeydi. Bul qi’yi’n jag’daylardan qalay bolmasi’n shi’g’i’w jollari’n qarasti’radi’. Bug’an u’yindegi tuwi’lg’an ku’nine qatnasi’p ati’rg’an o’z doslari’ ja’rdemge keledi. Aqi’ri’, ba’ri uzaq oylasi’p, bir ta’wekelshilikke qol uradi’. Qumarxan atli’ kommertsiya menen shug’i’llanatug’i’n qurdasi’ni’n’ ma’sku’nem ku’yewin waqi’tsha eki-u’sh ku’nge sorap aladi’.

Marjanni’n’ qi’rg’i’z doslari’ wa’desinde turi’p oni’n’ u’yine qi’di’ri’p ta keledi. Bular keliwden qi’yan-keski waqi’yalar baslanadi’. Su’wretler almasi’p, sorap alg’an ku’yewi ku’tilmegen qi’zi’qli’ waqi’yalarg’a u’sti-u’stine tap bola beredi.Bul spektakldin’ ja’ne bir uti’p turg’an jeri-ol tek bastan ayaq ku’lkige quri’lmag’an. Birinshi ko’rinisten baslap komediya menen bir qatar elespesiz tragediya da a’ste rawajlana baslaydi’. Yag’ni’y, bul saxnali’ shi’g’armada tragediyali’q waqi’yalar da o’z ko’rinisin tapqan.

Bul komediya tek qaraqalpaq tamashago’ylerdin’ na’zerinen ori’n ali’p qoymastan, O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Qashqadarya wa’layati’ndag’i’ M.Tashmuxamedov ati’ndag’i’ dramali’ teatri’nda saxnalasti’ri’li’p, o’zbek tilinde tamashago’ylerge qoyi’li’p berildi. Solay eken, Saylawbay Jumag’ulov qaraqalpaq a’debiyati’nda o’z orni’ bar ha’m o’z tvorchestvosi’ arqali’ qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda jetiskenliklerge iye jazi’wshi’ boli’p tabi’ladi’.

Saylawbay Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» dramasi’ni’n’ ideyasi’ adamlardi’n’ ne sebepten buzi’lg’anli’g’i’ haqqi’nda emes, al adamdag’i’ en’ joqarg’i’ ku’sh-hujdan haqqi’nda. Yag’ni’y, adamlar qanday tuxi’m jewinen biyg’a’rez, adamda hujdan degen sezim bolsa, a’lbette, ba’rin jen’ip shi’g’adi’. Soni’n’ menen birge, adamlar arasi’ndag’i’ bir-birewge degen qari’m-qatnas, muhabbati’n’ bekkem boli’wi’n, ha’rqanday oylamay islegen istin aqi’ri’ adamg’a dushpan bolatug’i’nli’g’i’n maqset etip qoyadi’. Demek, dramaturg Saylawbay Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» shi’g’armasi’n di’qqat penen oqi’p qarasaq, joqari’da ayti’lg’anday, jaqsi’li’q penen jamanli’q ortasi’ndag’i’ mawasasi’zli’q penen ali’p bari’lg’an gu’resti ayqi’n sezip oti’rami’z.

Adamzat payda bolg’an berli bar boli’p, o’z-ara keskin gu’resip kiyati’rg’an bul eki ku’sh hesh waqi’tta kelisimge kele almaydi’. Ko’pshilik jag’daylarda jamanli’q jen’iske erisedi. Biraq waqi’tsha. Aqi’rg’i’ waqi’tta jaqsi’li’q jen’ip shi’g’atug’i’ni’n ta’jiriybede de, ko’rkem shi’g’armada da belgili. Biraq Saylawbay Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» shi’g’armasi’nda jaqsi’li’q jamanli’qti’n’ u’stinen keskin jen’iske erise almaydi’, tek jen’iske degen ha’reket, umti’li’wshi’li’q seziledi. Adamlar jamanli’qqa qarsi’ gu’restin’ joli’n taba almay, Sulayman patshadan ma’det soraydi’. Ol bolsa keskin bir ilaj ko’rmey, «Hujdani’n’i’zdi’ oyati’n’lar!» dep saza beriw menen g’ana sheklenedi.

Konflikttin’ bul sheshimi-professor Kamal Ma’mbetovti’n’ so’zi menen aytqanda «… avtordi’n’ o’zi su’wretlep oti’rg’an o’mir shi’nli’g’i’na shi’g’arg’an hu’kimi. Adamlar arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q, talaslardi’n’, gu’reslerdin’ pitiwi. Ha’r tu’rli ta’g’dirlerdin’ tarti’si’nan son’g’i’ na’tiyje. Waqi’yag’a qatnasi’wshi’lardi’n’ son’g’i’ jag’dayi’»,-dep qabi’l etsek, onda Saylawbay Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» dramasi’ndag’i’

konflikttin’ sheshimi oqi’wshi’ yamasa tamashago’ydin’ o’z erkine qaldi’ri’lg’ani’n ko’remiz.

A’debiyat birinshi gezekte adamlar obrazi’n do’retetug’i’n ko’rkem o’nerdin’ bir tu’ri. Sebebi, ko’rkem shi’g’armani’n’ en’ basli’ o’zegi de obraz boli’p esaplanadi’. Obraz degenimiz-bul adamlardi’n’ si’n-si’pati’, oyi’, minez-qulqi’, xarakteri, a’detleri, bir-biren aji’rali’p turatug’i’n si’patli’ belgileri. Du’nyada qanshadan-qansha adamlar bolsa, olardi’n’ o’zine ta’n belgileri, qa’siyetleri bar. Barli’g’i’ da ko’rkem obrazlarda berilgen. Obraz boli’w ushi’n da ta’sirli so’z, ku’shli sezim ha’m tawi’p ayti’lg’an pikirler boli’wi’ kerek. Dramadag’i’ obraz drama qaharmanlari’ni’n’ ha’reketi tiykari’nda payda boladi’.

Bul janr ha’m obraz qaraqalpaq a’debiyati’nda son’g’i’ da’wirde payda boli’wi’na qaramastan, xali’qqa a’bden tani’s bolg’an dramali’q qaharman kelbetleri payda boldi’. Ma’selen, Bag’dagu’l, Aygu’l, Abat, Aysa’nem, A’wez, Tillaxan h.t.b. Soni’n’ ishinde S.Jumagulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» shi’g’armasi’nda da qaharmanlar obrazi’ ken’ su’wretlenedi. Avtor Sulayman patsha obrazi’n du’nyadag’i’ barli’q tirishilik iyelerinin’ tilin u’yrengen aqi’lli’, ko’p oqi’g’an adam si’pati’nda ko’rsetse, al Ma’stan kempirdin’ si’rtqi’ ko’rinisin-shashi’ uwdar-duwdar, tisleri ketik, alba-dulba kiyingen, tu’ri qorqi’nshli’, ishki-keshirmeleri aytqani’nan qaytpaytug’i’n o’jet, dushpan, ha’mel ushi’n jan beriwge tayar adam ko’rinisinde su’wretleydi. Ha’tte oni’n’ bul a’detleri, oni’n’ so’ylegen so’zi, ha’reketlerinen sezilip turadi’. Sonday-aq usi’nday unamsi’z tiplerdi Ti’shqanbiyke, Ji’lanbiyke, Tu’lkibiyke, Don’i’z, Quyri’qsi’z maymi’l obrazlari’ menen su’wretleydi. Ma’selen, Ti’shqanbiyke, minezleri o’zgermeli, ha’reketlerindegi jalbari’ni’w, jag’i’mpazlani’p Ma’stan kempirge jaqsi’ ko’riniwleri ku’lkige ali’nadi’. Quyri’qsi’z maymi’l o’zin

haywanlar qatari’na qospay, adamlar mennen do’regenge usag’an jalatayli’q ha’reketi na’tiyjesinde quyri’qsi’z qaladi’.

Shi’g’armadag’i’ bas wa’zir, birinshi aqi’lgo’y, ekinshi aqi’lgo’y obrazlari’ ko’binese folklorli’q shi’g’armalar-da’stan, erteklerde ko’plep ushi’rasadi’. Sulayman patshani’n’ aqi’lgo’yleri aqi’lsi’zli’q etip, jamanli’q tuqi’mi’n joyti’wg’a aqi’l qoyg’an wa’depaz si’pati’nda su’wretlenedi. Solay etip, shi’g’armada qaharman obrazi’ avtor ta’repinen sheber su’wretlengenligi, olardi’n’ ha’reketine say do’retilgen obrazlar ekenligin ko’riwimizge boladi’. Uli’wma aytqanda, belgili qa’lem iyesi Saylawbay Jumag’ulov o’zinin’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» shi’g’armasi’ arqali’ ja’miyetimizde son’g’i’ ji’llari’ ko’beyip barati’rg’an reyimzislik, jag’i’mpazli’q, ashko’zlik, o’tirikshilik ha’m basqa da ko’plegen unamsi’z qa’siyetlerdi a’shkaralap, olardi’n’ tami’ri’na balta uri’wg’a ha’reket etedi. Biraq shi’g’armada di’qqat awdaratug’i’n bir fakt bar. Sulayman patsha adamlarg’a  bir-birden jaqsi’li’qti’n’ tuxi’mi’n jegizip boli’p o’zi ketip qaladi’. Endi qaran’-usi’ tuxi’mdi’ ha’mmeden buri’n jegen bas wa’zir, eki aqi’lgo’yi, u’shewi taxtqa talasi’p qaladi’. Demek, sen jaqsi’li’qti’n’ tuxi’mi’n qansha jeyber, ar-nami’s, hujdani’n’ bolmasa, paydasi’ joq degen ideyani’ beredi.

Adamni’n’ jaqsi’ yaki jaman boli’wi’ en’ da’slep shan’araqtag’i’ ta’rbiyag’a, en’ basli’si’ adamlardi’n’ hujdani’na baylani’sli’.Soni’n’ ushi’n da shi’g’armani’n’ son’i’nda Sulayman patsha adamlarg’a o’z hujdanlari’n oyati’wg’a buyi’radi’. Sonda g’ana insan hujdan arqali’ o’zine duri’s, tuwri’ jol tan’laydi’. Du’nyada hesh bir jamanli’q, iplasli’qtan qori’qpaytug’i’n bir na’rse bar. Ol-insan boyi’n qamti’g’an hujdan sezimidur. Hujdan adam-qani’na aralasi’p ketken jamanli’qlar ha’m iplasli’qlardi’ joq etiwge qu’diretli. Demek, insan o’z hujdani’na qulaq sali’p, oni’ teren’ an’lay biliwi

kerek, ori’nlay ali’wi’ kerek, tek g’ana hujdanli’, oni’n’ buyri’g’i’na a’mel qi’latug’i’n insanlar g’ana ulli’ maqsetlerge erise aladi’.

Saylawbay Jumag’ulovti’n’ «Adamlar qalay buzi’lg’an?» shi’g’armasi’, mine, usi’nday o’zinin’ ta’rbiyali’q a’hmiyetli jag’i’nan da oqi’wshi’lar ta’repinen jaqsi’ bahalandi’ ha’m unamli’ dep tabi’lg’an shi’g’armalardan esaplanadi’.

Jazi’wshi’ ha`m dramturg M. Ni’zanovti’n` «Ziywar» dramasi’ «A`miwda`r`ya» jurnali’ni’n` 2011-ji’ldi’n` №6-sani’nda 2012-ji’ldi’n` №1 sani’nda ja`riyalandi’. Drama-qaraqalpaq xalki’ni’n` ulli’ dani’shpan shayi’ri’ A`jiniyaz Qosi’bay uli’na bag`i’shlang`an boli’p, shi’g`armada shayi’rdi’n` 1840-1864-ji’llardag`i’, yag`i’ni’y, won alti’ jastan qi’ri’q jasqa shekemgi wo`miri sa`wlelenedi.

Shi’g`armadag`i’ syujetler tariyxi’y shi’nli’qqa tiykarlani’p ali’ndi’. A`jiniyaz 1840-ji’li’ Xiwwadag`i’ Sherg`azi’ xan medresesinde woqi’wg`a tu`sedi ha`m woni’ pitkererden aldi’n medreseni qayta won`alawg`a qoyi’wi’na baylani’sli’ wonda woqi’p ati’rg`an barli’q talabalar Qutli’murat inaq medresesine wo`tkereledi. Usi’ jerde wol medreseni tamamlaydi’.

Bul ji’llar Xiywani’ Allaqul xan sorap turg`an da`wirge tuwra keledi. A`jiniyaz woqi’g`an medresenin` iyesi Qutli’murat inaq usi’ xanni’n` dayi’si’ ha`m ma`sla`ha`tshi’si’ bolg`an, Shoraxan sha`ha`rinin` ha`kimi boli’p islegen.

1855-ji’li’ Xiywada u`lken arpali’s boladi’. Xan sawashta wo`lip, worni’na won to`rt jasar Qutli’murat bala xan saylanadi’. Bunnan xabar tapqan wo`gey ag`asi’ Ma`tniyazbek (Xiywadan ti’sqari’da jasag`an) yawmi’t jigitlerinen u`lken la`shker toplap, Xiwag`a ju`ris qi’ladi’ ha`m wo`gey inisi Qutli’muratti’ wo`ltiredi. Lekin, Xiywa xalqi’ basi’lmay, Ma`tniyaz bekti tuti’p ali’p, wo`ltiredi.

Payi’ttan paydalani’p Sayyid Muhammed Bahadi’rxan meter Muhammed Yaqi’pti’n` ja`remine 1855-ji’li’ taxtqa woti’radi’. Wol derlik Xiywani’ won ji’l soraydi’. Bul won ji’l ishinde qaraqalpaqlar menen tu`rmenler arasi’nda ko`p narazi’li’qlar boladi’. 1858-1859-ji’li’ (ani’q qaysi’ bir ji’li’ yekeni tariyxi’y da`reklerde de ko`rsetilmegen) Bozatawdi’ basqi’nshi’ jaw talaydi’. An`i’z-a`psanalarda yawmi’tlar shapqan dep ataladi’. Lekin, ayri’m tariyxshi’lardi’n` mag`li’wmat beriwinshe yawmi’t jigitlerinen ja`mlengen xan la`shkerleri boli’wi’ da itimal degen boljawlar bar. Bul haqi’yqatli’qqa jaqi’n keliwi de mu`mkin. Sebebi, xannan narazi’ qaraqalpaqlar Qon`i’rat xanli’g`i’n du`ziw maqsetinde tez-tez bas ko`terip turg`an.

Sayyid Muhammed Bahadur xan qon`i’ratli’ Qutli’murat biydin` qi’zi’na u`ylenedi. Biraq biydin` inisi Jiyemurat (tariyxi’y da`reklerde ati’ ko`rsetilmegen) Bozataw bu`lginshiligine xan la`shkerleri ayi’pli’ dep gu`manlani’p, xang`a qarsi’ ju`ris qi’lmaqshi’ boladi’. Buni’ yesitken Sayyid Muhammed Bahadur xan ko`p qol menen da`rya arqali’ kelip jag`i’sta toqtaydi’. Xan yel menen ko`p so`ylesik ju`rgizedi. Woni’n` wo`zinde de qaynag`asi’na qarsi’ uri’s ashi’w tilegi bolmaydi’. Na`tiyjede 1864-ji’li’ xan da`rya boyi’nan uri’spay, keyin qaytadi’.

Drama mine usi’ waqi’yalardi’ wo`z ishine aladi’. Xiywani’n` bul yeki xani’ da dramada personaj si’pati’nda qatnasti’ri’ladi’.

Dramada A`jiniyazdi’n` su`ygen yari’ Gu`lzada menen tani’si’wi’nan, sa`wbetinen baslanadi’.

**A`jiniyaz:**

*– Qarasan` qa`ddi dali’na,*
*Kelbeti si’yni’-sali’na*
*Qang`an diydar jamali’na,*
*Qani’p ishken palg`a megzer.*

**Gu`lzada:** - İhim-m!

**A`jiniyaz:** - Gu`lzada!

**Gu`lzada:** - Anasi' qalay jibersin, bu`lbil gu`ldin` shaqasi'nda bes-won ku`n miyman boli'p ushi'p kete berse!

**A`jiniyaz:** - Bull shayi'r ko`n`linin` ta`riypi sa`wdigim. Senin` bu`lbilin` bes won ku`n miyman yemes, wol wo`zge gu`lge qonbaydi'.

**Gu`lzada:** - Lekin, menin` bu`lbilim bir ushsa uzaqqa ushar yeken.

**A`jiniyaz:** Wol aytqani'n` duri's, perishtem.[1]

Dramaturg usi'nday dialog arqali' qaharman xarakterin, ruwxi'y keshirmelerin, psixologizmin ta`sirli yetip jetkere alg`an. Oqi'wshi'ni'n` ju`regine qozg`aw salarli'q bul ko`rinis jazi'wshi'ni'n` qaharman xarakterinin` ishki du`n`yasi'na, woy-qi'yali'na kirip, woni'n` tolg`ani'slari'n, qi'ynali'wlari'n tu`siniwge ha`m woni' sheberlik penen ko`rsete ali'wi'nda ko`rinedi.

Dramdag`i' qaharman arasi'ndag`i' wo`z-ara si'rlasi'p so`ylesiwler arqali' bir jag`i'nan Ziywardi'n` ju`da` danali'g`i'n aqi'lli'li'q penen aytqan na`siyati'n ko`rsetpekshi boladi'. Yekinshi jag`i'nan, sol ayti'lg`an ha`r bir danali'q ga`pler arqali' woni'n` psixologizmin ashi'p beredi, ta`sirli shi'g`i'wi'na ha`reket yetedi. Soni'n` menen birge psixologizmnin` qaharmang`a ko`rsetken a`hmiyetin bermekshi boladi'. Sebebi, bul ga`pler Ziywar ushi'n ku`ta` paydali' ha`m a`hmiyetli yedi. Mine, bul da M. Ni'zanovti'n` qaharman xarakterinin` psixologizmin ashi'p beriwdegi ja`ne bir jetiskenligi desek asi'ra aytqan bolmaymi'z.

Dramaturg Gu`lzada ha`m woni'n` tuwg`an-tuwi'sqanlari'ni'n` obrazi'nda feodalli'q da`wirdin` jikleniwshilikke, alaawi'zli'qqa tiykarlang`an ni'zamlari' menen a`dep-ikram normalari'n ashi'p beredi. Dramaturgtin` Ziywar haqqi'ndag`i' jaqsi' niyetleri woni'n` obrazi'ni'n`

---

[1]Нызанов М. Зийўар, «Әмиўдәрья» журналы, 2011. №6. 37-б.

isenimli jarati’li’wi’na keri ta`sirin tiygizbeydi, kerisinshe avtor Ziywar obrazi’n barli’q qarama-qarsi’li’qlari’ menen jarati’p beredi. Bul drama qaraqalpaq dramaturgiyasi’na qosi’lg`an u`lken u`les dep yesaplaymi’z.

M. Ni’zanovti’n` «Ku`lme mag`an» do`retpesi qaraqalpaq dramaturgiyasi’ tariyxi’nda tutqan worni’ ayri’qsha. P`esadag`i’ personaj boli’p ali’ng`an adamlardi’n` ne woylap, ne qoyatug`i’nlari’, qalay ha`m qa`ytip jasap ati’rg`anli’qlari’ su`wretlenedi. Qaharmanlar janli’ ha`m ha`reketshen`. Avtordi’n` bul pesasi’ originalli’g`i’ ha`m aktualli’g`i’ sonnan ibarat, bunda si’yqaq, jasalmali’ syujet joq. Adamlar arasi’nda boy jasi’ri’p, wo`zgelerge yelespesiz boli’p kiyati’rg`an minez-quli’qlardi’ sheber su`wretleydi. Aytayi’q, tami’r quwalap, ag`ayin arqasi’nda yeplep-seplep ku`n ko`rip ju`rgen teginxorlardi’ qatti’ ku`lki asti’na ali’w - bul komediyani’n` yen` bir unamli’ qa`siyeti. Komediya qaraqalpaq dramaturgiyasi’nda yelewli wori’ndi’ iyelewge i’layi’qli’ komediyalardi’n` biri. Bul shi’g`arma janr jan`ali’g`i’ menen original obrazi’, ko`rkem dramali’q tip jasawi’ wo`zgeshelikleri menen ayri’qsha ko`zge tu`sedi. Ayri’qsha bul jag`day komediyani’n` jazi’li’w ji’llari’ndag`i’ teatr menen dramaturgiyani’n` ha`m wolardi’n` yekewi menen ju`z bergen teatr tamashago`ylerinin` arasi’ndag`i’ do`retiwshilik baylani’sti’n`, wo`z-ara qari’m-qatnasti’n` bir qansha alshaqlasi’p barati’rg`an bir ma`ha`lin yeske alg`anda ayqi’ni’raq ko`zge tu`sedi. Usi’ ji’llar arali’g`i’nda qoyi’lg`an bir neshe qunarsi’z p`esalar teatrdi’n` saxnasi’na tvorchestvoli’q jan`ali’qlardi’ yendire almadi’. Kerisinshe, milliy teatrdi’n` saxnasi’ barg`an sayi’n ju`dep, a`rsiz-ka`rsiz p`esalarg`a ko`birek asi’li’p, quri’ tamasha ko`rsetiwge aynala basladi’. Tozi’wi’ jetip, go`nergen go`ne obrazlar ha`m wolardi’ saxnalasti’ri’wdag`i’ go`ne usi’llar teatr tamashago`ylerin jali’qti’ri’p, wolardi’ teatrdan keyin serpildire baslag`an yedi. Teatr ha`m teatr tamashago`yleri jan`a dramaturgtin` ha`m jan`a p`esalardi’n` payda boli’wi’n

an`sadi’. Wo`mirdi wo`zgeshe bir ko`z-qarasta su`wretlep ko`rsetiwdi ku`tti. Zaman adami’ni’n` ha`zirgi estetikali’q du`n`ya tani’mi’n wo`zlestire alatug`i’n ha`m woni’ konkret ko`rkem formag`a keltirip beriwge uqi’pli’, sheber qa`lem iyesine ko`z tikti. Avtordi’n` barli’q dramli’q shi’g`armalari’ mine usi’nday bir sharayatta ayi’ri’m kemshiliklerine qaramastan, ja`miyetshiliktin` az da bolsa ko`zine tu`sti.

Komediyani’n` basli’ jetiskenligi nede? Komediyani’n` yen` basli’ jetiskenligi, woni’n` temasi’ni’n` ha`m jazi’w a`disinin` ti’n`li’g`i’nda. Komediyada adam ha`m ha`meldin` qatnasi’na tiykarg`i’ di’qqat awdari’lg`an. Adamni’n` adamgershiligi quni’ menen ha`meldin` wo`zgelerdi wo`zine g`a`rezli yetiwinen payda bolatug`i’n jasandi’ «quni’» sali’sti’rmali’ formada ta`rezige sali’p ko`rsetilgen. Avtor yeski zaman sarqi’ti’ni’n` ha`zirgi ku`nlerde ayi’ri’m jerlerde aktiv qollani’p, ken` taralg`an formasi’n konkret obrazlar arqali’ ko`rkem syujet wo`zegine sali’p, qi’zi’qli’ yetip qura bilgen. Ku`ndelikli turmi’sta ko`z benen ko`rip, qulag`i’ menen yesitse de, wo`zgelerge tis jari’p ayta almay ju`rgen bir qi’zi’q ishki si’rdi’ avtor qori’qpastan, qushtarlani’p qolg`a ali’p, saxnag`a ali’p shi’qqan, p`esada ku`shli tendentsiya bar. Wol tendentsiya ja`miyetlik moral`g`a jat, jaramas minezlerge qarsi’ qarati’lg`an. «Komediyada sa`wlelengen saxnali’q wo`mir haqi’yqat turmi’s shi’nli’g`i’na ju`da` jaqi’n. Avtordi’n` yen` basli’ uti’si’ usi’ haqi’yqat wo`mirdegi jat minezlerdi ko`rkemli ko`z benen ko`re bilgen. Woni’ wo`z ma`ha`linde ustali’q penen janli’ su`wret qa`lbine keltire alg`an. M.Ni’zanov wo`zinin` usi’ komediyasi’ arqali’ bizin` milliy dramaturgiyami’zda ko`pten berli jibi u`zilmey kiyati’rg`an yeski ta`sil, u`yrenshikli obrazlarg`a wo`zgeris jasaw niyetinde bolg`anli’g`i’ ayqi’n seziledi. Sol sebepli bolsa kerek, komediyada bir de molla, bir de zuli’m ata, ja`digo`y jen`gey obrazlari’ joq. Komediyada personajlardi’n` barli’g`i’ ha`zirgi biz benen jasap turg`an zamanni’n` jan`a adamlari’. Ja`ne de

wolardi’n` ha`r biri wo`mirde qanday bolsa, sol da`rejede haqi’yqat ko`rsetilgen. Komediyani’n` tiykarg`i’ syujetlik wo`zegi, mine, usi’ obrazlarg`a tikkeley baylani’sli’. Usi’ obrazlardi’n` saxnali’q ko`rinisi tsirk arenasi’ndag`i’ masqarapazlarg`a megzep ketkenlikten, komediyadag`i’ ayti’lajaq ta`p-ta`wir ga`pler, teren` filosofiyali’q ma`nige iye woylar menen wo`tkir ha`m na`zik ku`lkiler biywa`j, bazari’ ga`plerge, qurg`aq ku`lkige aylani’n`qi’rap ketedi. Soni’n` menen birge, komediyani’n` wo`zi de ayi’ri’m kemshiliklerden awlaq yemes. Kompozitsiyali’q quri’li’si’nda arti’qmashlaw ko`rinisler bar. Solay yetip, komediyani’n` boyi’nda yele pisip jetilmegen usi’nday bir qatar kemshilikler na`tiyjesinde usi’nday si’n pikirlerdi avtor yesapqa aladi’ degen u`mittemiz.

Wo`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n` milliy g`a`rezsizlikke yerisip, siyasiy g`a`rezsiz ma`mleket boli’wi’ ko`rkem a`debiyati’mi’zdi’n`, soni’n` ishinde, dramaturgiyami’zdi’n` demokratiyali’ yerkin pikirde rawajlani’wi’na ken` mu`mkinshilikler jarati’p bergenligi hesh kimge si’r yemes. G`a`rezsizlik arqali’ ata-babalari’mi’zdi’n` bay ruwxi’y ma`deniyati’n tiklew mu`mkinshiligine iye boldi’q. Wolar do`retken ko`p g`ana hasi’l shi’g`armalardi’ qaytadan woqi’p u`yrenip qoymastan, wolardi’ bu`gingi ruwxi’y turmi’si’mi’zg`a, ru`wxi’y mu`ta`jligimizge jarati’w abzalli’g`i’na da iye bola aldi’q. Bizin` izertlewimizdin` temasi’ bu`gingi turmi’s shi’nli’g`i’ menen ti’g`i’z baylani’sli’. Ha`zirgi waqi’tta ma`deniy turmi’si’mi’zda bu`gingi ku`nge baylani’sli’ ruwxi’y qa`driyatlardi’ qayta qaraw ha`m qayta bahalaw sheshilip ati’r.

Son`g`i’ ji’llari’ socialistlik ja`miyet wo`zinin` irip-shiriwinin` shi’n`i’na shi’qti’. Adamlardi’n` sanasi’ da`bdebeli shaqi’ri’qlar menen tolti’ri’ldi’. Adamlarda joqari’dag`i’larg`a jag`i’ni’w keypi

ku`sheydi. Basshi’ toparlardi’n` moralli’q jaqtan buzi’li’wi’, xali’qti’n` aldi’n`g`i’ bo`leginin` jazi’wshi’lardi’n` qatti’ qa`ha`rin keltirdi.

Joqari’da atalg`an unamsi’z qubi’li’slar bul da`wirdin` a`debiyati’nda da bayqaldi’. Wonda joqari’dan ko`rsetilgen sxemali’q penen u`stirtin do`retiw bag`darlamasi’ basi’m boldi’. Jen`il ha`m woydan tabi’lg`an konfliktlerge quri’lg`an shi’g`armalar ko`beydi. A`debiyat belgili bir da`rejede basqasha woylaytug`i’nlardi’ si’ng`a alatug`i’n, mu`mkinshiligi bolsa, wolardi’ joq yetiwdin` ta`sirli qurali’na aynaldi’.

Talanti’ ha`m hu`jdani’ taza ko`p g`ana jazi’wshi’lar ha`kimshilik, byurokratiyali’q sistemag`a totalitarizm tusi’nda da qarsi’ turi’p, haqi’yqatli’qti’ joqari’ ko`rkemlik ha`m realistlik da`rejede sa`lelendiretug`i’n shi’g`armalar do`rete aldi’. Biraq, wolarg`a jen`il bolmadi’. Shi’g`armalari’, bir neshe ji’llar dawami’nda baspada basi’lmadi’. Wo`zleri ko`pshilik aldi’ndag`i’ qaralawlarg`a ushi’radi’, tyurmalarg`a qamaldi’. Bir qatar jazi’wshi’lar ja`miyetti, socialli’q turmi’sti’ si’ng`a ali’wda wo`zlerinin` shi’g`armalari’nda allegoriyali’q usi’llardi’, miflerdi, an`i’zlardi’ ko`plep qollandi’. Ma`selen, wo`zbek a`debiyati’ndag`i’ A.Qadiriy, A.Chwlpon, U.Nosir, Behbudiy qaraqalpaq a`debiyati’ndag`i’ S.Ma`jitov, R.Ma`jitov, I.Fazi’lov, Q.A`wezov, N.Da`wqaraev ha`m t.b. haqqi’nda usi’ni’ ayti’wg`a boladi’.

Tubalawshi’li’q da`wir, uli’wma XX a`sir jazi’wshi’-dramaturglerinin` do`retpelerinde si’rtlay ti’ni’shli’q barday bolg`ani’ menen, negizinde wo`mir su`rip turg`an sistemadan qi’si’m ko`rgen qarapayi’m adamlardi’n` ta`g`diri ushi’n ta`shwishleniwdi seziwshilik sezilip turadi’. Jazi’wshi’lardi’n`

bunday toparlari’ a`wladlardi’n` ta`g`diri ushi’n ti’ni’shsi’zlandi’. Tuwg`an jerdin` yerten`gi ku`ni, a`dep-ikramli’q mashqalalari’ menen ti’ni’shsi’zlani’w jag`dayi’ qaraqalpaq a`debiyati’ ushi’n da ta`n.

G`a`rezsizlik da`wirinde Q.Ma`tmuratovti’n` «Bir u`yde yeki wo`mir», «A`keli jetimler», «Wo`mirbek ha`m tazsha», «Aq tekesh ha`m ko`k tekesh», Sh.Seytovti’n` «Xalqabad romani’ tiykari’nda jazi’lg`an «Qutli’ jol» pesasi’ (qayta islegen Q.Matmuratov), «Sha`riyar» da`stani’ tiykari’nda jazi’lg`an «Sha`riyar» pesalari’ jazi’ldi’ ha`m bul pesalar saxnalasti’ri’li’p tamashago`ylerdin` na`zerine usi’ni’ldi’.

Drama wo`zinin` janrli’q qa`siyetleri boyi’nsha epos penen bir qansha wortaq belgilerge iye. Mi’sali’, syujet, waqi’yani’ ob`ektiv bayanlaw, bir neshe yamasa ko`p sanli’ qatnasi’wshi’lar, wolardi’n` xarakterlerin jarati’w, konflikt du`ziw h.t.b. dramag`a da, eposqa da wortaq qa`siyetler. Biraq dramani’n` wo`zine ta`n janrli’q qa`siyetleri bar. Drama yen` da`slep saxnada ko`rsetiw ushi’n jarati’lg`an shi’g`arma. Epikali’q shi’g`arma woqi’wg`a bag`darlang`an bolsa, dramali’q shi’g`arma ko`riwge bag`darlanadi’. Epikali’q shi’g`arma woqi’wshi’ni’n` abstrakt woylaw, bayanlang`an waqi’yani’ ko`z aldi’na elesletiw uqi’bi’na mo`lsherlenedi, al dramada personajlardi’n` so`ylewi menen is-ha`reketlerinin` birligi basli’ wori’nda turadi’. Sonli’qtan dramani’n` yekinshi wo`miri teatr saxnasi’nda dawam yetedi.

Basqa janrlarg`a sali’sti’rg`anda dramada waqi’ya ku`ta` shiyelenisken ha`m keskin boli’p keledi, qaharmanlardi’n` rwxi’y du`n`yasi’ si’rtqi’ jag`daylardi’n` qatan` ta`sirine tu`sedi.

Dramaturgtin` «Bir u`yde yeki wo`mir» pesasi' dramali'q janrda jazi'lg`an. Wonda a`piwayi' bir u`ydin` wo`miri arqali' turmi'sti'n` dramali'q ta`repi ashi'p beriledi. Bir u`ydin` yeki kelini yeki qi'yli' minezdegi, yeki qi'yli' du`nya tu`sinigindegi kelin. Wolardi'n` ata-analari' da sonday. Shi'g`armadag`i' tiykarg`i' konflikt te shan`araq ag`zalari' arasi'ndag`i' tarti'sqa quri'lg`an. Bul shi'g`arma ha`zirgi da`wir temasi'nan ali'p jazi'lg`an boli'p, wonda milliy mentalitet problemasi', milliy u`rp-a`det, da`stu`rlerge sadi'qli'q ma`seleleri basli' wori'ng`a qoyi'ladi'.

Bul drama ha`zirgi Berdaq ati'ndag`i' Qaraqalpaq ma`mleketlik sazli' teatri' saxnasi'nda 1980-ji'ldan berli qoyi'li'p kiyati'r. 1991-ji'li' usi' teatr ja`ma`a`ti ta`repinen qaytadan saxnalasti'ri'ldi'. Na`tiyjede wol tamashago`ylerge u`lken qi'zi'g`i'wshi'li'q woyatti'.

Drama yeki bo`limnen, bes ko`rinisten turadi'. Dramani'n` usi' quri'li'si' a`hmiyetli a`dep-ikramli'li'q ma`selesin wortag`a taslawg`a xi'zmet yetedi. Bul ma`seleni sheberlik penen su`wretlewde avtor ta`repinen du`zilgen konflikt salmaqli' wori'ng`a iye. Konflikt dramadag`i' syujettin` rawajlani'wi'na, qaharmanlar obrazlari'ni'n` isenimli tu`rde jasali'wi'na imkan beredi.

Do`retpenin` syujetindegi waqi'yalar bir shan`araqta boli'p wo`tedi. 90 jastag`i' Ha`mire kempirdin` jalg`i'z balasi' du`nyadan yerte ko`z jumadi'. Palzada jesir qaladi', yeki balasi' Baxi't penen Jen`isbay a`ke mehrin ko`rmey wo`sedi. Ha`mire kempirdin` u`lken aqli'g`i' yerjetip, Ulbosi'n atli' qalali' qi'zg`a u`ylenedi. Woni'n` ata-anasi' woqi'g`an, zi'yali' adamlar bolsa da, qi'zg`a duri's ta`rbiya bere almag`an. Na`tiyjede Ulbosi'n yerinshek, is jaqpas boli'p wo`sedi. Buni'n` u`stine kelinshektin` anasi' Sa`wle ha`m

qon`si’si’ Zernegu`l de Ulbosi’ng`a:« Ku`yewin`nin` jaqi’nlari’ni’n` aytqan jumi’slari’n qi’la berme, uri’sqanday bolsa, tu`yinshiklerin`di tu`yde, u`yin`e qayta ber», dep na`siyat yetedi. Bul Ulbosi’n menen woni’n` wo`mir joldasi’, ata-anasi’ni’n` arasi’nda ju`da` qatti’ qarama-qarsi’li’qlar keltirip shi’g`aradi’. Bul na`rse do`retpe syujetinin` bunnan bi’layda rawajlani’wi’na tu`rtki jasaydi’. Avtordi’n` sheberligi sonda, personajlardi’ yeki qarama-qarsi’ du`nya tani’mdag`i’ adamlar topari’na bo`liw arqali’ wolar arasi’nda keskin koflikt ha`m kolliziyalar keltirip shi’g`aradi’. Da`slepki yeki ko`riniste konflikt Ha`mire kempir menen Ulbosi’n, Palzada menen Ulbosi’n arasi’nda boli’p wo`tedi. Bul na`rse wolardi’n` diologlari’ menen jest, qi’ymi’l-ha`reketlerinde ko`rinedi. Wolar arasi’ndag`i’ konflikttin` keskinlesiwine Ulbosi’nni’n` anasi’ Sa`wle menen qon`si’ kelinshek Zernegu`ldin` jas kelinge u`yretken teris u`git-na`siyatlari’ da sebepshi boladi’. Ha`tte kelin wo`z yenesine qol ko`teriwge de baradi’. Pesani’n` yekinshi bo`liminin` to`rtinshi ko`rinisinde Baxi’t penen Ulbosi’n wortasi’ndag`i’ konflikt sonday da`rejege jetedi, na`tiyjede syujet waqi’yalari’ni’n` rawajlani’wi’ wo`zinin` kulminatsiyali’q shegine jetedi. Baxi’t anasi’na qol ko`tergeni ushi’n kelinshegi Ulbosi’ndi’ u`yinen quwi’p jiberedi.

## Juwmaq

Biz «G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’» atli’ bul pitkeriw ka’nigelik jumi’si’mi’zda g’a’rezsizlik da’wiri dramaturgiyasi’ndag’i’, tu’pkilikli o’zgerislerge, janrli’q-formali’q izlenislerge, dramaturgiyani’n’ rawajlani’wi’ni’n’ tiykarg’i’ bag’dari’na, usi’ da’wirlerde dramaturgiyada do’retiwshilik miynet etken T.Qayi’pbergenov, Q.Matmuratov, M.Ni’zanov, S.Jumag’ulovlardi’n’ basli’ do’retpelerine tallaw islep, to’mendegidey juwmaqlarg’a keldik.

1.G’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq dramaturgiyasi’na si’naqli’ reformalardi’ ali’p keldi. Dramaturgiyada original do’retpelerge ko’birek di’qqat awdari’li’p, oni’n’ tematikali’q diapazoni’ da zaman ruwxi’na say jan’ara basladi’. Tariyxi’y-revolyutsiyali’q temadan tariyxi’yli’qqa, tariyxi’yli’qtan tariyxti’n’ «aq daqlari’n»-so’ylenbegen betlerin so’yletiwge, zamanago’y temalardi’ teren’irek su’wretlewge, repressiya qurbanlari’ o’mirinin’ si’rli’ betlerin ashi’p beriwge bet burdi’.

Dramaturgiyada jan’a janr, jan’a formalar payda bola basladi’. O’tkendegi ata-babalari’mi’zdi’n’ azatli’q, el-xali’q baxti’ ushi’n ali’p barg’an gu’reslerin sa’wlelendiretug’i’n T.Qayi’pbergenovti’n’ «Aydos baba» («Mi’n’ tillag’a tigilgen gelle») si’yaqli’ iri polotnoli’q tragediyalari’ payda boldi’. Jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenov bul shi’g’armasi’nda haqi’yqi’y dramaturg T.Qayi’pbergenovqa aylani’p, Aydos obrazi’n prozadag’i’ Aydos obrazi’nan da quramali’ ha’m qarama-qarsi’li’qli’ etip, dramatizmge toli’ ta’repleri menen haqi’yqi’y realistlik jobada ko’rkem etip gewdelendirip bere aldi’, Aydos xarakterinin’ prozada ashi’lmay qalg’an ayi’ri’m si’patli’ belgilerin dramali’q formada sheber etip ashi’p berdi.

2.Qaraqalpaq dramaturgiyasi’ izleniw joli’nda. Bul ko’pshillik si’nshi’lari’mi’z ayti’p ati’rg’ani’nday «artta qali’p qoydi’, rawajlani’w joq!» degen pikirge uli’wma jantaspaydi’. O’zbek xali’q jazi’wshi’si’ A’dil Yakubov aytqani’nday**:** «Si’nshi’lar, geyde tamashago’yler dramaturgiyani’ o’ldi, endi saxna shi’g’armalari’ jazi’lmaydi’» degen pikirdi aytpaqta. Bul ga’plerge isenben’. Duri’s, salmaqli’, iri zamanago’y aktual mashqalalardi’ ko’terip saxnag’a ali’p shi’qqan shi’g’armalar joq desek te boladi’. Buni’n sebebi de bar. Nege desen’, dramaturgiya qi’yi’n janr. Romanda ayti’latug’i’n pu’tkil waqi’yani’ bir-eki saatta ko’riletug’i’n spektaklde ko’rsetip beriw an’sat emes». Sonda da bul an’sat bolmag’an a’debiyatti’n’ drama janri’na qol urg’an jazi’wshi’, shayi’r, jurnalistlerimiz de barshi’li’q. Biraq olardi’n’ jazi’p pitkergen saxnali’q shi’g’armalari’ni’n’ barli’g’i’n haqi’yqi’y dramaturgiya da’rejesine jetisken do’retpe dep ayti’w ya aytpaw, og’an tiyisli si’n ha’m baha beriw, tek olardi’n’ saxna ju’zin ko’rip, tamashago’yler i’qti’yari’na usi’ng’annan keyin g’ana a’melge asi’ri’ladi’».

Haqi’yqati’n aytqanda, bizde jaqi’n ku’nlerge shekem teatr jergilikli dramaturgler menen birge islesiwge onsha qi’zi’qpadi’. Ko’binese basqa respublikalardi’n’ dramaturgleri do’retken pesalardan awdarmalar saxnalasti’ri’w da’stu’rge aynali’p ketken edi. !lbette, ko’plegen teatrlardi’n’ saxnasi’n ko’rgen, redaktorlawdan, du’zetiwlerden, ko’p g’ana si’nawlardan o’tken pesalardi’ saxnalasti’ri’w an’sat ha’m onsha ku’sh talap etpeydi. Biraq, biz ko’rkem o’nerdin’ bir bo’legi bolg’an teatrda ali’p bari’latug’i’n jumi’slari’mi’zdi’n’ jen’il joli’n qi’di’ri’wdan ko’re, qi’yi’n bolma da paydasi’ ko’birek tiyetug’i’n bizin’ respublikami’zdi’n’ dramaturgiyasi’ni’n’ rawajlani’wi’na ja’rdem beretug’i’n jollari’n izlep tabi’wi’mi’z kerek.

Son’g’i’ ji’llarda bizin’ a’debiyatshi’lari’mi’z da, teatr ja’ma’a’tleri de o’z u’stilerinde jemisli islep, azi’-kem jetiskenliklerge eristi. Ha’tteki, basqa ma’mleket, basqa respublikalarda da o’z tamashago’ylerine iye boldi’. Mi’sal

etip aytatug’i’n bolsaq, satirik jazi’wshi’lar M.Ni’zanov ha’m S. Jumag’ulovlardi’n’ do’retpeleri.

M.Ni’zanovti’n’ «Eki du’nyani’n’ a’weresi» komediyali’q shi’g’armasi’ da’slep o’zimizdin’ ma’mleketlik teatri’mi’zda 1991-ji’li’ No’kiste du’nyag’a kelgen bolsa, bul estafetani’ 1994-ji’li’ rejisser M.İslamqulov qolg’a ali’p, Tashkenttegi Hamza ati’ndag’i’ ha’zirgi o’zbek Milliy akademik teatri’nda saxnalasti’rdi’. Al, son’i’nan A’ndijan teatri’nda o’zbek tilinde o’z o’mirin dawam ettirdi. Sonday-aq, dramaturg S.Jumag’ulov ta tek bizin’ u’lkemizde emes, qon’si’las respublikalar tamashago’ylerine, teatr si’nshi’lari’na da ko’birek tani’la basladi’. Eger avtordi’n’ dramaturgiyali’q shi’g’armalari’na na’zer awdaratug’i’n bolsaq, oni’n’ S.Xojaniyazov ati’ndag’i’ Jas tamashago’yler teatri’nda «Ekstrasens», «Ku’yewin’di berip tur», «Adamlar qalay buzi’lg’an?», A’.Xalimov ati’ndag’i’ Xojeli xali’q teatri’nda ha’m Qaraqalpaqstan televideniesinde saxnalasti’ri’li’p qoyi’lg’an «Bultli’ ku’nler» pesalari’ ken’ ja’miyetshiligimiz ta’repinen jaqsi’ ku’tip ali’ndi’.

Biz joqari’da ayti’p o’tkenimizdey, oni’n’ ayi’ri’m pesalari’ qon’si’las respublikalarda da saxnalasti’ri’ldi’. Oni’n’ «Ekstarsens» komediyasi’ 1998-ji’li’ Tu’rkmenistanda zor qi’zi’g’i’wshi’li’q penen tamashalandi’. Bul jemisli jumi’s ushi’n dramaturgimiz sol ji’li’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Jazi’wshi’lar awqami’ si’yli’g’i’ni’n’ laureati’ atag’i’n ali’wg’a miyasar boldi’. Bul komediyani’ tu’rkmen klassigi Seytnazar Seydi ati’ndag’i’ ma’mleketlik Chardjow muzi’kali’ teatri’nda rejisser Murad Hakimov saxnalasti’rqan bolsa, bas rolde Bayram Qudayberdiev oynag’an.

A’lbette, jaqsi’ shi’g’arma o’z barar joli’n ha’m diydelegen ma’nzilin ani’q tabadi’. Usi’nday ma’nzildin’ biri-Qashqada’ryadag’i’ M.Toshmuhamedov ati’ndag’i’ muzi’kali’ drama teatri’ boldi’. Endi ol jerde avtordi’n’ ja’ne bir komediyasi’, yag’ni’y «Ku’yewin’di berip tur» atli’

komediyasi’ saxnalasti’ri’li’p, o’zbek tuwi’sqanlari’mi’z ta’repinen jaqsi’ ku’tip ali’ndi’.

Mine, usi’ ko’rinis ha’m mi’sallardi’n’ o’zi bizin’ milliy dramaturgiyami’zdi’n’ rawajlani’wi’ ha’m jetiskenliginen guwali’q berip turg’an joq pa?! Sonday-aq, talantli’ dramaturg Q.Ma’tmuratov haqqi’nda da ayti’p o’tiwge tuwra keledi. 80-ji’llarda-aq bul dramaturgtin’ qa’demleri birden ko’zge taslang’an edi. Usi’ ku’nge deyin Qaraqalpaq ma’mleketlik Berdaq ati’ndag’i’ sazli’ teatr, S.Xojaniyazov ati’ndag’i’ Jas tamashago’yler ha’m Ma’mleketlik Quwi’rshaq teatrlari’nda oni’n’ ko’plegen shi’g’armalari’ saxna ju’zin ko’rip, dramaturgiyami’zdi’n’ rawajlani’wi’na u’lken u’les qosqan avtorlardi’n’ biri ha’m ha’zirgi ku’nleri de ti’nbay izleniwde. Oni’n’ «Bir u’yde eki o’mir» (rejisser A. Sharipov), Sh.Seytovti’n’ «Xalqabad» romani’ tiykari’nda jazi’lg’an «Qutli’ jol» drama-instsenirovkasi’ (rejisser B.Baymurzaev), «O’mirbek ha’m Tazsha» komediyasi’ (rejisser B.Nazari’mbetov), «Aq tekesh ha’m ko’k tekesh» (rejisser R.To’reniyazov), «Sha’ryar» da’stani’ tiykari’nda jazi’lg’an dramasi’ (rejisser B.Baymurzaev) ha’m de «A’keli jetimler» (rejisser Q.A’bdreymov) tragediyasi’ ha’m «Eger muhabbat keshikse» dramalari’ ja’miyetshiligimizge usi’ni’li’p, o’zinin’ unamli’ bahalari’n aldi’.

B.Baymurzaev son’g’i’ ji’llari’ iri-iri saxnali’q shi’g’armalardi’ saxnalasti’ri’wshi’ rejisser si’pati’nda emes, al dramaturg si’pati’nda da tani’li’p kiyati’r. Usi’ ku’nge deyin oni’n’ eki u’lken shi’g’armasi’ «Ba’dduwa» (2000-ji’l) ha’m «Pa’lektin’ ga’rdishi» (2001-ji’l) atli’ dramalari’ u’lken saxnada, ma’mleketlik teatri’mi’zda qoyi’ldi’. Ko’p uzamay Tashkent qalasi’ni’n’ bir qatar akademiyali’q teatr saxnalari’nda qoyi’li’p, O’zbekstan televideniesi arqali’ da ko’rsetildi. Bul dramalarda insaniyli’q tuyg’i’lari’ menen ha’r tu’rli xarakterlerdin’ shan’araqta, ja’miyette tutqan orni’, adam o’mirindegi bilip-bilmey islegen gu’nalari’,

qa’teshilikleri arqali’ qaharmanlar obrazi’ ko’z aldi’n’a keledi ha’m i’qti’yarsi’z ra’wishte bul waqi’yalardi’ tamasha etip ati’ri’p, o’zin’iz de soni’n’ bir qatnasi’wshi’si’ boli’p qalg’ani’zdi’ sezbey qalasi’z.

K.Raxmanovti’n’ son’g’i’ ji’llarda do’retken dramasi’ni’n’, yag’ni’y «Ta’g’dir soqqi’si’» atli’ shi’g’armasi’da di’qqi’tqa i’layi’q dep aytami’z.

Son’g’i’ ji’llarda dramaturgiyami’zdi’n’ rawajlani’wi’na u’les qosi’p kiyati’rg’an sheber dramaturglerimizdin’ biri Ayladur O’tewliev boli’p tabi’ladi’. Ol ko’binese tariyxi’y drama do’retiw u’stinde jumi’s isleydi. Usi’ ku’nge shekem oni’n’ «Ernazar alako’z», «A’mir Temirdin’ bir ku’ni», «Sultan Ja’llaladdin» atli’ dramalari’ baspa so’zde o’zbek, qazaq ha’m qaraqalpaq tillerinde jari’q ko’rdi. Oni’n’ «Sultan Ja’llaladdin» tariyxi’y dramasi’ S.Xojaniyazov ati’ndag’i’ Jas Tamashago’yler teatri’ni’n’ repertuari’na qabi’llani’p, premerasi’ boli’p o’tti.

Dramaturg bul pesasi’nda bas qaharmanlar xali’qqa, al bas ideya-tuwi’lg’an jerge, Ana-Watang’a muhabbat sezimleri ku’shli su’wretlengenin ko’riwge boladi’. Bul pesalardi’n’ barli’q epizodlari’nda Prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ aytqan pikirlerin iske asi’ri’li’p ati’rg’anli’g’i’ni’n’ guwasi’ bolami’z. Ayi’ri’m monologlarda «El ushi’n, xali’q ushi’n, jani’p jasaw», «Tu’rkstan-ortaq u’yimiz» ha’m tag’i’ da basqa so’zlerin shaqi’ri’qlari’n ushi’rati’wg’a boladi’. Bul pesalardi’n’ bas qaharmanlari’ bolg’an Sultan Ja’llaladdin, A’mir Temir ha’m Ernazar alakoz xarakterleri, islegen isleri bir-birin baylani’sti’ri’p turg’anday. O’ytkeni, ha’r bir qaharman azatli’q ushi’n gu’reske, biradarli’qqa, a’dalatli’qqa ha’m dosli’qqa shaqi’radi’.

Dramaturgtin’ bul shi’g’armalari’ elimizdin’ g’a’rezsizligin ji’rlawi’ menen birge oni’n’ ideyalari’nda alg’a su’redi. Keleshek a’wladti’ xali’q bati’rlari’ ha’m ata-babalari’ni’n’ ma’rtlikleri menen tani’sti’radi’.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Каримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш, Ташкент:- «Маънавият», 2008-жыл, Б.136.
2. Каримов И. Әдебиятқа итибар, келешеке, мәнаўиятқа итибар, «Әмиўдәрья» журналы, 2009. №2.
3. Каримов И. Инсон бахт учун туилади, Тошкент, 2001.
4. Каримов И. Ўзбекистон буюк келажак сари. Тошкент, 2001.
5. Айымбетов Қ. Қарақалпақ совет драматургиясы тарийхының очерклери, Нөкис-«ҚМБ», 1993.
6. Алланазаров Т. Театр ҳәм драматургия, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1982.
7. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны, Нөкис-«Қарақалпақстан», 1993.
8. Айтмуратов Д. Ақмақлық дүньясында. («Ялғаншының иси»).-Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
9. Алламбергенов К. XX әсирдиң 60-80-жылларындағы қарақалпақ әдебияты. -Нөкис: НГПИ киши типографиясы, 2002.
10. Алламбергенов К. Ҳәзирги әдебий жөнелис. -Нөкис: НГПИ киши типографиясы, 2004.
11. Алланазаров Т. Қарақалпақ театры. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1966.
12. Алланазаров Т. Театр ҳәм драматургия. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
13. Алланзаров Т. Қарақалпақ драматургиясының мәселелери. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
14. Аллаяров С. Мырзағалий Дәрибаевтиң творчествосы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.
15. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
16. Мәжийтов С. Шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.
17. Өтепов Ә. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1965.
18. Султанов Қ. Жазыўшы-драматург. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1984.